

Я зэхуэдэ Хэкур яхуумэрт

2-нэ нап.



ЩIыхугъэ, адыгагъэ зэрызетхьэнум дыхущIэкъуу допсэу

3-нэ нап.



«ФIыгъуэ куэдкIэ къысхуэупса Алыхьым сыхуэарэзыщ»

4-нэ нап.



Бжыгъэхэр къыпхуэгъэщIэгъуэнукъым

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР




№53 (24.647) • 2024 гъэм накъыгъэм (майм) и 7, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ



## Къэрал гулъытэм хохъуэ

**2024 гъэр, УФ-м и Президентым къыдигъэкIа унафэм тету, ди къэралым щагъэуващ Унагъуэм и илъэсу. Ди республикэм Iуэхугъуэ куэд щокIуэкI бын зыпI унагъуэхэм ядэIэпыкъуным хуэгъэзауэ. Абыхэм нэхъри зегъэшэщIыным, къахэгъэхъуэным теухуа зэIущIэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, Сабийм и IуэхухэмкIэ КъБР-м и уполномоченнэ Лъынэ Светланэ, Правительствэм хэтхэр, щIыпIэ администрацэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я пашэхэр.**

УНАГЪУЭМ и илъэсыр республикэм Iэтауэ къыщызэIуахауэ щытащ щIышылэм и 24-м. Мы зэманым ди щIыналъэм щокIуэкI а Iуэхум хуэгъэпса гъэлъэгъуэныгъэхэр, зэпеуэхэр, псапащIэ Iуэхухэр, нэгъуэщIхэри.

«Нэрылъагъу къытщохъу ди къэралым и Президентым къыхилъхьа жэрдэмхэм я фIыгъэкIэ цIыхухэм, псом япэрауэ, бын зыпI унагъуэхэм, дэIэпыкъуныгъэшхуэ зэрагъуэтыр – нэгъабэ къриубыдэу сом мелард 30-м щIигъу хухахащ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. – Унагъуэм и илъэсым къриубыдэу апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэхэм хэдгъэхъуэн хуейщ, цIыхухэм яIэ хэхъуэм, псэуныгъэм и фIагъым нэхъри зедгъэIэту».

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр Асанов Алим къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ Унагъуэм и илъэсыр зэрекIуэкIынум теухуауэ абы хухаха къызэгъэпэщакIуэ комитетым зэхигъэува планым. ЗэIущIэм доклад щащIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министр Езауэ Анзор, спортымкIэ министр Хьэсанэ Ислъам, щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министр Лу Азэмэт, Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз. Абыхэм я къэпсэлъэныгъэхэм къызэрыхэщамкIэ, унагъуэхэм защIэгъэкъуэнымкIэ республикэм щекIуэкI къэрал политикэр хуэунэтIащ бын зыпIхэм, псом хуэмыдэу бынунагъуэшхуэхэм, лъэныкъуэ куэдкIэ защIэгъэкъуэным. 2024 гъэм щIышылэм и 23-м Президентым Iэ щIидзащ унагъуэхэм зэрызыщIагъэкъуэну щIыкIэхэм теухуа унафэм. Абы къыщыгъэлъэгъуахэр щагъэзащIэ щIыналъэхэми.

КъБР-м щрагъуэкIуэкI бынагъуэшхуэхэм защIэгъэкъуэным хуэгъэпса Iуэхугъуэ куэд. Абыхэм ящыщщ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм хуэкIуэ ахъшэхэр унагъуэшхуэхэм зэрыщхьэщатыкIыр. Апхуэдэ гулъытэ нэгъабэ ягъуэтащ унагъуэ 10361-м. Бын зыпI унагъуэ мин 62,3-м яIэрохьэ сабий ахъшэхэр. Абыхэм щапI сабий мин 77,4-м щIигъу. ЛIэужыгъуиблу зэщхьэщыха апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэхэм сабийр пIыным хуэщIа Iуэхугъуэ куэд къызэщIаубыдэ. А Iуэхухэм токIуадэ сом меларди 4,7-м щIигъу. ЩIыналъэм щыщ анэ быныфIэхэм ират «Анагъэм и щIыхь» республикэ къэрал дамыгъэр. 2008 гъэ лъандэрэ ар хуагъэфэщащ анэ 407-м. Абыхэм ящыщу 43-м быни 10 е нэхъыбэ къалъхуащ икIи гъэсэныгъэ тэмэм яIэу гъащIэм хагъэуващ. Бын куэд зиIэ унагъуэхэм я сабийхэм Iэмал яIэщ республикэм и санаторэхэм зыщагъэпсэхуну.

КIуэкIуэ Казбек Iуэхур зи пщэрылъ псоми къалэн ящищIащ бынунагъуэшхуэхэм адэкIи уадэIэпыкъу зэрыхъуну щIыкIэхэм тещIыхьа Iуэхугъуэхэм елэжьыну икIи и пащхьэ ирахьэну.

## Я щхьэ IуэхукIэ зыкъыхуагъэзащ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек республикэм щыщу зи щхьэ IуэхукIэ зыкъыхуэзыгъэзахэр зыгъэпIейтей упщIэхэм жэуап иритащ. Ахэр нэхъыбэу теухуат къуажэхэмрэ къалэхэмрэ зэIузэпэщ щIыным, спортым телажьэ IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным.

КъинэмыщIауэ, щIыналъэм и УнафэщIыр яхуэзащ дзэ Iуэху хэхам хэт зауэлIхэми. Ахэр нэхъыбэу щIэлъаIуэр къулыкъущIэхэм я унафэкIэ Iуэху гуэр пхыгъэкIын, сымаджэм дохутыр къегъэIэзэн, абы зыкъэужьыжыпIэ тынш егъэгъуэтын хуэдэхэмрэ псэукIэм епха нэгъуэщI Iуэхухэмрэщ.

Республикэм и Iэтащхьэм зэрызыкъыхуагъэза лъэIухэр зыгъэзэщIапхъэ къулыкъущIэ псоми унафэ пыухыкIахэр яхуищIащ, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм яхуэфащэ дэIэпыкъуэгъу ягъуэтын хуэдэу. Ар зэрагъэзащIэ щIыкIэм КIуэкIуэ Казбек езыр кIэлъыплъынущ.

**Тэтэр Республикэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ зэпызыщIэ уэгу гъуэгуанэщIэ къызэIуахащ. Налшык къалэ къыщетIысэхащ Red Wings авиакомпанием «Сухой Суперджет-100» (SSG 100) и япэ кхъухьлъатэр.**

## Къэзанрэ Налшыкрэ зэпащIэ

А IУЭХУМ теухуа гуфIэгъуэ зэхыхьэр Налшык и аэропортым зэрыщекIуэкIынум тетхыхьыжыну журналистхэр кхъухьлъатэ тедзапIэм деж щэбэт кIуам дыщызэхуэсащ.

Журналистхэр автобус цIыкIум псори драгъэтIысхьэри, ипщэкIэ дыдрашей. ТкIуа щымыIэу дыкъоувыIэ, дыкърагъэкI. Губгъуэ нэзым дыщызэхуэсыжащи, телевиденэм щылажьэхэм увыпIэ къалъыхъуэ, гъущI хъарым адэкIэ цIыхухэр щызэхэтщ. «Тхьэм ещIэ ахэри зыпэплъэр, кхъухьлъатэ гуэр къетIысэхыжыну къыщIэкIынщ!» - жызоIэ сэри сигукIэ.

Куэд щIауэ зэрымылъагъужа зэныбжьэгъухэм ещхьу зэрыцIыхуи-зэрымыцIыхуи дызопсалъэ-доуэршэр. Къэзан къилъэтыкIыж кхъухьлъатэм дызэрыпежьэр псоми ди зэхуэдэ гуфIэгъуэщ. Дыздэщытым, гу лъыдотэ аэропорт лэжьакIуэхэм губгъуэ Iуфэр нэхъ къызэхажыхь зэрыхъуами къэблэгъа кхъухьлъатэм и Iэуэлъауэ макъ къызэрыIуами.



Губгъуэ Iуфэр шар гъэпща зэмыфэгъубэкIэ гъэщIэрэщIащ, кхъухьлъатэм ису къыIулъэтэжахэр къызэрырагъэбэкъуэх пкIэлъей-кIэщIэгъэлъадэми дахэкIейуэ «зыкърех»...

Къэзан къилъэтыкIа цIыхухэр зи «лъэрыгъ» яубыда кхъухьлъатэм къикIын щIадзэ. Абдежым бысымхэм ящыщу лъэныкъуитIымкIи щиувыкIахэм хэти IэфI зытеуда лэкъумхэр зэрылъ тепщэчхэр яIыгъщ, мыдрейхэри («Кабардинка» ансамблым хэтхэр) уардэрэкъекIуу адыгэ фащэкIэ зэщыхуэпыкIащи, хьэщIэхэм къафэкIэ япожьэ...

Журналистхэм нэмыщI, абдежым щызэхэтт гъунапкъэхъумэ IэнатIэм къулыкъу щезыхьэкIхэри дыздэщыIэм я лэжьакIуэхэри. Иужьрейхэм ящыщт Налшык аэропортым и унафэщI Рудоманенкэ Денис.

Iуэхум и ублэкIэ хъуамрэ адэкIэ зэрызиужьыну зыхуагугъэмрэ теухуауэ упщIэ зыбжанэкIэ зыщыхуэдгъазэм, абы жиIащ:

- Къэзан - Налшык уэгу гъуэгуанэщIэм тетыну кхъухьлъатэм и япэ къетIысэхыгъуэщ нобэ мыбдежым фызыIуплъар. Мыр хуэщхьэпэнущ щIыналъитIым ди цIыхухэр тыншу зэкIэлъыкIуэным. Нобэрей лъэтэгъуэм трагъэкIуэдар сом мини 5 къудейщ. АдэкIэ гъуэгуанэм и уасэр сом мини 8-м нэдгъэсынри хэлъщ. Къыхэгъэщыпхъэщ, гъуэгуанэщIэм текIуэдэну мылъкум и процент 30-р щIыналъитIым я бюджетым къызэрыхэкIынури. Ар, дауи, шэсыпIэщ уасэм адэкIэ зэрыхамыгъэхъуэнымкIи...

«МаршрутыщIэм мыхьэнэшхуэ иIэщ, къэрал кIуэцIым туризмэм зэрызыщиужьыр къэплъытэмэ. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Тэтэрстанымрэ нобэ халъытэ Урысейм и зыгъэпсэхупIэ щIыналъэ цIэрыIуэхэм. КъинэмыщIауэ, зэкъуэш республикэхэр куэд лъандэрэ зэпыщIауэ дыкъокIуэкI щэнхабзэ IуэхухэмкIи нэгъуэщI унэтIыныгъэхэмкIи. ФIыщIэ ин хузощI Рустам Нурхьэлий и къуэм, проектыр къызэрыддиIыгъам папщIэ. Тэтэрстаным щыпсэухэр си гуапэу къызогъэблагъэ хьэщIэр зи щIасэ ди щIыналъэ дахэм», - Iуэхугъуэм теухуауэ жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

*Тхыгъэри сурэтри* **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

## Сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщщ

● Унагъуэм и илъэс

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и нэIэм щIэту зэхэта, Къэбэрдей-Балъкъэрым Унагъуэм и илъэсыр зэрыщрагъэкIуэкIынум теухуауэ лажьэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым и зэIущIэм щытепсэлъыхьащ Налшык къалэ щауххуэ поликиникэ №1-м и проектым.**

УХУЭНЫГЪЭР и кIэм нэблэгъащ. Поликлиникэр сыт и лъэныкъуэкIи цIыхухэм я тыншыпIэм хуэщIауэ яубзыхуащ икIи медицинэ дэIэпыкъуныгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд щагъуэтынущ. «Абы хэтынущ амбулаторнэу онкологие дэIэпыкъуныгъэ щыхуащIэ центр, хирургиемкIэ, эндоскопиемкIэ, реабилитацэмкIэ, функциональнэ диагностикэмкIэ къудамэхэр, иджырей лабораторэ IэнатIэ. Мыбы къыщызэIуахынущ махуэм лажьэ травпункт. Сымаджэхэм я щIыхьэпIэхэр зэхэгъэщхьэхукIауэ щытынущ. Узыфэ зэрыцIалэ зиIэхэм папщIэ IуэхущIапIэм бжэ щхьэхуэ хэлъынущ», - жиIащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ унагъуэм щIэсхэм псоми я узыншагъэр кърагъэпщытэнымкIэ Iуэхур нэхъ тынш зэрыхъуар, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ухуэныгъэщIэм и гъунэгъуу щытщ сабий поликлиникэр, апхуэдэуи жиIащ цIыхухэр дохутырхэм я деж зэрыкIуэ щIыкIэми зэхъуэкIыныгъэхэр зэригъуэтынур – хуэмурэ ахэр хуэкIуэнущ и чэзум узыр къэхутэным гулъытэ нэхъ хуэщIыпхъэу зэрыщытым.

IуэхущIапIэм и дохутыр нэхъыщхьэ Къаскъул Iэулият къыхигъэщащ поликлиникэр здэщыт щIыпIэм къыщегъэжьауэ ар сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщу зэраубзыхуар икIи абы и лъэныкъуэкIи республикэ Iэтащхьэм фIыщIэ хуищIащ. «Поликлиникэр абы щылэжьэнухэми къекIуэлIэнухэми я тыншыпIэм хуэщIащ, мыбы щызетхьэну Iуэхум и фIагъым тещIыхьауэ псори къызэгъэпэщащ икIи абы хуэдэ IэнатIэ лъэщ КИФЩI-м щыIэнукъым», - жиIащ абы.

«Дохутырхэм я еплъыкIэхэр Iуэхум къыхэтлъытауэ мыпхуэдэ дыдэ лэжьыгъэ щокIуэкI Онкодиспансерым, Iэмэпсымэ къудейуэ 700-м нэблагъэ щIэтынущ абы. Поликлиникэми хуэдэу, ари жыпхъэщIэхэм тету духуэнущ. Онкодиспансерри иджырей медицинэ IуэхущIапIэу щытынущ. Псоми апхуэдэ бгъэдыхьэкIэщ худиIэн хуейр!» - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.



● Хъыбар гуапэ

## Олимпиадэр и плъапIэщ ЗэкIуий Анзор

**Мэзкуу областым и Сколковэ къалэм къикIыу хъыбар гуапэхэр къытIэрыхьащ аргуэру. Урысейм бэнэкIэ хуитымкIэ и чемпионату абы щызэхэтам етIуанэ дыщэ медалыр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыхуихьащ килограмм 74-рэ зи хьэлъагъхэм я деж зыкъыщызыгъэлъагъуэ ЗэкIуий Анзор.**

ИДЖЫРЕЙ зэIущIэр мы гъэм Париж къалэм щызэхэтыну Олимп джэгухэм кIуэнухэр къызэрыхахыу щытт икIи абы нэхъри хигъахъуэрт и мыхьэнэм.

ЗэкIуийм кIэух зэхьэзэхуэм къыщыпэщIэтащ Дагъыстэным и бэнакIуэ лъэщ, текIуэныгъэм хуэпабгъэу утыкум къихьа Дибиргаджиев Магомэ. Ауэ, ди гуапэ зэрыхъущи, адыгэ щIалэм зы Iэмали и ныкъуэкъуэгъум иритакъым. ЗэIущIэм и бжыгъэр 7:4-уэ иухащ, Анзор дыщэ медалыр и Iэрылъхьэу.

Ди щIалэр щыбэна гупым ещанэ увыпIэхэр къыщызыхьар Дагъыстэным щыщ бэнакIуэхэу Абдуллвагабов Камилрэ Ганишов Имамрэщ. Абы къегъэлъагъуэ ЗэкIуийм къызэринэкIа гупым хэтахэм я лъэщагъыр.

Апхуэдэуи Урысейм и чемпионатым къыщыхэжаныкIащ Шаваев Малик, ауэ абы зэкIэ къыхуэхьар дыжьын медалырщ. Дыщэм нэмысу ар къэзыгъэувыIар Дагъыстэным и бэнакIуэ Кадиев Ибрэхьимщ. ЩIалэхэр щыбанэр килограмм 86-рэ зи хьэлъагъхэр зыхэт гупырщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек гуапэу ехъуэхъуащ ЗэкIуий Анзоррэ Шаваев Маликрэ я ехъулIэныгъэхэм папщIэ.

«Урысейм бэнэкIэ хуитымкIэ и чемпионату Мэзкуу областым и Сколковэм мы дакъикъэхэм щызэхуащIыжым, Олимп джэгухэм ипэ къихуэу щыIам, къикIыу иджыри зы хъыбар гуапэ къытIэрыхьащ. Килограмм 74-м щыбанэхэм я деж ЗэкIуий Анзор дыщэ медаль абы къыщихьащ. Килограмм 86-м хъухэм я деж чемпионатым и дыжьыныр зыIэригъэхьащ Шаваев Малик. Си гумрэ си псэмрэ къабгъэдэкIыу ди щIалэхэм сохъуэхъу я ехъулIэныгъэ лъагэхэмкIэ. ФIыщIэ хэха яхузощI – тренерхэмрэ унэтIакIуэхэмрэ. Дрогушхуэ! Сынывохъуэхъу ехъулIэныгъэхэр дяпэкIи фиIэну, лъагапIэщIэхэр къэфщтэну», - дыкъыщоджэ республикэм и Iэтащхьэм и хъуэхъум.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

**Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм щагъэлъэпIащ Къып Мухьэмэд и цIэр зезыхьэ ГъуазджэхэмкIэ сабий школыр илъэс 20 зэрырикъур.**

## ЩIэблэр дахагъэм щыщIапIыкI

КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Къумал Заурбэч, КъБР-м и Парламентым егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Емуз Нинэ, Бахъсэн щIыналъэ администрацэм и лIыкIуэхэр, КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэр, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и хэгъэгухэм ит гъуазджэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм къикIахэр, а школыр къэзыухахэр, псапащIэхэр гуапэу ехъуэхъуащ ГъуазджэхэмкIэ сабий школым и унафэщIхэмрэ и гъэсэнхэмрэ. Депутатхэм къыхагъэщащ республикэм и гъуазджэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэм школым хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIыр икIи дяпэкIи ехъулIэныгъэхэр иIэну ехъуэхъуащ, саугъэтхэмкIи хуэупсащ.

ХьэщIэхэм я гуапэу къыхагъэщащ Къып Мухьэмэд и цIэр зезыхьэ ГъуазджэхэмкIэ сабий школыр зэрыIуэхущIапIэ телъыджэр, ныбжьыщIэхэр абы дахагъэм зэрыщыщIапIыкIыр, я зэфIэкIхэр нэхъри къызэкъуахынымкIэ зэрыщыдэIэпыкъур, нэхъыжьхэм я щэнхабзэ щIэинхэр хъумэным икIи ахэр гъэбэгъуэным зэрыхуагъэлажьэр. Абы и щыхьэтщ зэпеуэ куэдым ахэр къызэрыщыхэжаныкIыр, школыр къэзыухахэм ехъулIэныгъэ яIэу гъащIэм зэрыхэзагъэр, адэ-анэхэр я щIэблэм я зэфIэкIым зэрыригушхуэр.

ГъуазджэхэмкIэ сабий школым и унафэщI, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ КIуж Ритэ а махуэм хъуэхъу дахэ куэд хужаIащ. Аращ зи фIыщIэр сабийхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIхэмрэ зыужьыныгъэмрэ. КъыжыIапхъэщ, Кавказ Ищхъэрэр къапщтэмэ, «Урысейм ГъуазджэхэмкIэ и сабий еджапIэ нэхъыфI 50» зэпеуэм щытекIуа (2018 гъэ) къуажэ еджапIэу а зым фIэкIа зэрахэмытыр.

Зэхыхьэм щагъэлъэгъуащ школым и гъэсэнхэм я къэфэкIэр, макъамэм, уэрэд жыIэным теухуауэ яIэ ехъулIэныгъэхэр. ХьэщIэхэм ирагъэлъэгъуащ декоративно-прикладной гъуазджэмкIэ я лэжьыгъэ нэхъыфIхэри. КъыжыIапхъэщ сабийхэм я лэжьыгъэ нэхъыфIхэр еджапIэм зэрыщахъумэр, ахэр щапхъэу зэрагъэлъагъуэр.

- Сабийхэм я зэфIэкIхэр гъунапкъэншэщ. Нэхъыщхьэр и чэзум ахэр къэгъэнэIуэнырщ, зегъэужьынырщ. Гу зылъыстараци, зы унэтIыныгъэм тебгъащIэмэ, ар цIыкIухэм щIэх яIэщIоужагъуэ. Зэпымыууэ щIэ гуэрхэм дебгъэхьэхын хуейщ. ЕджапIэм и ехъулIэныгъэр ди егъэджакIуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ ди зэхуэдэ фIыгъуэщ, – жеIэ КIуж Ритэ. – Школым зи цIэр зэрихьэ Къып Мухьэмэдщ гъуазджэм сыдезыгъэхьэхар, ар фIыуэ сэзыгъэлъэгъуар. Ткаченкэ Андрей и студием зэгуэр сызэришамкIэ, курыт еджапIэ нэужьым КБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм сигъакIуэу Къэрэшей-Шэрджэсым и университетым декоративно-прикладной гъуазджэхэмкIэ и къудамэр къызэрызухамкIи фIыщIэшхуэ хузощI. Ар щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ художник Iэзэт. Къыпым и фэеплъыр ди дежкIэ лъапIэщ, дэ абы хуэтщIэжыфынур аращи, сабий нэхъыбэ гъуазджэхэмрэ щэнхабзэмрэ я дунейм зэрыхэтшэнум дытолажьэ.

Махуэшхуэ программэр щIэщыгъуэу къызэрагъэпэщащ. Абы хыхьэрт сабийхэм папщIэ джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэр, анимацэхэр, мастер-классхэр, лекцэхэр, концертыр. ГъуазджэхэмкIэ сабий школым и гъэсэнхэм папщIэ мастер-классхэр ятащ. УФ-м Iэщэ щIынымкIэ и IэпщIэлъапщIэхэм я Гильдиемрэ УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэмрэ хэт Алмэ Муса, а Гильдие дыдэмрэ Абхъаз Республикэм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэмрэ хэт Дзидзарие Тимур, УФ-м Iэщэ щIынымкIэ и IэпщIэлъапщIэхэм я Гильдием хэт Юдин Денис, Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым сурэт щIынымкIэ и егъэджакIуэ Боташевэ Наталье, Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым декоративно-прикладной гъуазджэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Алиевэ Алинэ.

- ЗэфIэкI зыбгъэдэмылъ сабий щыIэкъым. Хэти сурэт щIыныр, хэти графикэр, хэти плъыфэр къохъулIэ. ЦIыкIухэм уадэлэжьэурэ я зэфIэкIым зыкъызэкъуебгъэхын хуейщ, - жеIэ сурэт щIынымкIэ егъэджакIуэ, художник Дзэгъэл Iэуес. – Псалъэ дахэщ, я бзэщ цIыкIухэм уазэрыхэзэгъэнур, гъуазджэм зэрыпхудегъэхьэхынур.

ГъуазджэхэмкIэ сабий школым тхыдэ дахэ къыдокIуэкI. Школым лъэпкъ къафэм, пшынэм, шыкIэпшынэм, уэрэд жыIэным щыхурагъаджэ, сабий хор, художественнэ къудамэхэр иIэщ. Абы дыщэкI IэщIагъэм, скульптурэм щыхурагъаджэ. Нобэ абы сабий 300-м щIигъу йокIуалIэ. Илъэсихым щыщIэдзауэ цIыкIухэм ядолажьэ. Абы и гъэсэнхэр куэдрэ щытекIуащ гъуазджэхэмкIэ дунейпсо, урысейпсо зэпеуэхэм. Ар я фIыгъэщ школым и егъэджакIуэхэу, зи IэщIагъэр фIыуэ зылъагъу, жэуаплыныгъэ пылъу абы бгъэдыхьэхэу къэфакIуэ Къуэныкъуей Алим, дыщэкI Тумэ зэкъуэшхэу Залымрэ Аслъэнрэ, скульптор КъуэщIысокъуэ Хъусен, сурэтыщI Дзэгъэл Iэуес, IэпэIэсагъэм хуезыгъаджэ Жыгун Марьянэ, нэгъуэщIхэми.

Къулъкъужын Ищхъэрэм и мызакъуэу, абы гъунэгъу къуажэхэм щыщ сабийхэри адэ-анэхэм мы еджапIэм къашэ. НыбжьыщIэхэм ящыщ куэдым гъуазджэр IэщIагъэу къыхахри я щIэныгъэм Санкт-Петербург, Москва, нэгъуэщI къалэхэм щыпащэ. Зыхуеджар IэщIагъэ зымыщIхэми я гъащIэ псокIэ я IэпэIэсагъэр къахуощхьэпэ. ДыщэкI, архитектор, художник цIэрыIуэхэр мы школым къызэрыщIэкIам уримыгуфIэнкIэ Iэмал иIэкъым.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

## ● Адыгэ псалъэм и гъэсэнхэр

«Адыгэ псалъэ» газетым щыIащ КъБКъУ-м и Социально-гуманитар институтым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм и студент гуп. Магистратурэм и етIуанэ курсыр мы гъэм къэзыух щIалэгъуалэр набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъащ газет лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэщам, журналист IэщIагъэм хэлъ щэхухэм щыгъуазэ зыхуащIащ.

Афэщlагъуэ Даянэ, Ащхъуэт Анзор, Дыгуэрлы Лианэ, Ирыгу Iэминэ, УанащIэ Дианэ, КъуэщIысокъуэ Елдар, Нэхущ Тимур, Хьэщэ Мухьэмэд, Щомахуэ Алёнэ, Ефэнды Регинэ сымэ, ди гуапэ зэрыхъущи, лъэпощхьэпо лъэпкъ къыхэмыкIыу ягъэзэщIащ журналистикэмкIэ практикэ зэрыщыIэ зэманым пщэрылъ къыщащIа къалэнхэр. Абыхэм редакцэм кърахьэлIащ я къалэмыпэм къыпыкIа тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, гъащIэм, дунейм я зэхэлъыкIэхэм, зыхуэза цIыхухэмрэ зыхэта Iуэхугъуэхэмрэ ятещIыхьа лэжьыгъэхэр, рассказ кIэщIхэмрэ философие гупсысэ гъэщIэгъуэнхэр зи лъабжьэ тхыгъэ хьэлэмэтхэр. Дауэ хъуми, магистрантхэм къахэкIакъым редакцэм епхауэ щыщыт махуэхэр купщIэншэу, нэду зыгъэкIуа.

Нобэрей къыдэкIыгъуэми плIанэпэ щхьэхуэ щыхухэтхащ магистрантхэм я лэжьыгъэхэм. Зи къалэмым и зэфIэкIхэри зыгъэунэхуахэр, ди гуапэ зэрыхъущи, гугъэфIхэр уэзыгъэщI защIэщ. Апхуэдэ щIалэгъуалэ жыджэрым дохъуэхъу насыпрэ ехъулIэныгъэрэ яIэну, лъэпкъым куэдрэ хуэлэжьэну.

# Анэдэлъхубзэр зи псэм хэлъ бзылъхугъэ



***Уи псэм дыхьэ IэщIагъэм урилэжьэн нэхърэ нэхъыфI сыт щыIэ? Гум фIэфI дэтхэнэ Iуэхуми дамэ къыптрегъакIэ, лъэр щIегъэкI. ЩыIэкъым IэщIагъэ тынш, ауэ а лэжьыгъэр уи псэм къыдыхьэмэ, абы дэпшэч сыт хуэдэ гугъуехьри пщогъупщэ. ЩIэблэм ядэлэжьэным епха IэщIагъэхэр къыхэзых дэтхэнэми и гумрэ и псэмрэ и лэжьыгъэм етауэ щытын хуейщ, дауи. Къызэрыслъытэмкlэ, апхуэдэ IэщIагъэхэм я нэхъыщхьэщ егъэджакIуэр. Абыхэм икъукIэ гулъытэшхуэ хуащI къыдэкIуэтей щIэблэр ди хабзэ дахэмрэ нэмысымрэ тету, я бзэр сытым дежи япэ ирагъэщу, ящымыгъупщэу, къызыхэкIа унагъуэм, хэкум пщIэрэ нэмысрэ хуащIу гъэсэным. А къалэнхэм хъарзынэу йохъулIэ психолог-дефектолог, егъэджакIуэ, гъэсакIуэ IэкIуэлъакIуэ Къармэ Iэсият. Ар Налшык къалэ дэт «Дельфин» сабий садым щолажьэ, «Адыгэ цIыкIу» гъэсапIэми и къызэгъэпэщакIуэщ. Абы Iэсият нэхъ кууу и гугъу езгъэщIыну сыхуейт.***

**- Iэсият, «Адыгэ цIыкIу» сабий гъэсапIэр къызэIупхыным сыт ухуэзышар?**

- Си щхьэгъусэ Къармэ Руслани (ар тхыдэджщ, лъэпкъ Iуэху зэрихуэу, адыгэ унэцIэхэм ятеухуауэ тхылъхэр итхыу) сэри анэдэлъхубзэр фIыуэ тлъагъуу, ар зи псэм хэлъхэм ящыщу дыкъызэдокIуэкI икIи сыт щыгъуи дрогузавэ адыгэм къытщIэувэ щIэблэм анэбзэр тэмэму зэраIурымылъым.

Мызэ-мытIэу жаIэу зэхэсхащ: «Ярэби, адыгэбзэкIэ фIэкIа щрамыгъаджэу, лъэпкъ хабзэм щыхуагъасэу зы сабий сад диIамэ арат». Апхуэдэ псалъэмакъымкIэ сыдэгуэшащ Руслан икIи жэрдэмыр къасщтэмэ, сыткIи щIэгъэкъуэн хъуну къыщызжиIэм, сытегушхуащ. Сэ сабий сад №38-м психолог-дефектологыу сыщылажьэрт. КъыщинэмыщIауэ, «Дельфин» центрми сыщыIэщ. ЖыхуэсIа мурадыр си гъуазэу, адыгэбзэр зыIурылъ сабий зыбжанэ къасщтэри, дерсхэр егъэкIуэкIын щIэздзащ. Апхуэдэу илъэсищ ипэкIэ етхьэжьа хъуащ мы Iуэхур.

**- Сабий дапщэ екIуалIэрэ фи гъэсапIэм? Абыхэм ядэлажьэ IэщIагъэлIхэмкIэ фыкъызэгъэпэща?**

- ЩыщIэддзам сабиитху диIэу дыкъежьамэ, иджыпсту цIыкIу 90-м щIигъу диIэщ. Абы щыгъуэ зыри егъэджакIуэ диIакъым, атIэми нобэ егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэхэр мэлажьэ. ЕгъэджакIуэхэр сысакъыу къыхызох. Абыхэм яхэлъыпхъэщ адыгагъэ, хабзэ, нэмыс хуэдэхэр, адыгэбзэм хуэшэрыуэу щытынри Iэмал зимыIэщ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, сабийхэр фIыуэ илъагъуу, и IэнатIэм пэжу пэрыту щытын хуейщ. Апхуэдэщ си егъэджакIуэхэр, щапхъэ зытрах защIэщ. Абыхэм я фIыгъэ куэд хэлъщ сабийхэр баштекъузэ хэмылъу яфIэфIу къызэрекIуалIэм. Сигу хегъахъуэ цIыкIухэм я нэжэгужагъэм, дерсыр къахуэмыгъэсу къызэрекIуалIэм. Адыгэбзэр зыIурымылъыххэу къэкIуахэми иджыпсту бзэр хьарзынэу къащтащи, абы срогуфIэ.

**- ЦIыкIухэр бзэм нэхъ дихьэхын, гулъытэ хуащIын щхьэкIэ сыт хуэдэ Iэмалхэр къэвгъэсэбэпрэ?**

- Методикэ зэмылIэужьыгъуэхэр ди Iэдэжу ухуащ лэжьыгъэр. Сабийм узыхутепсэлъыхьыр илъагъуу, и нэгум щIэту щытын хуейщи, сурэтхэр куэду къыдогъэсэбэп. Апхуэдэуи дерсхэм джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэр хыдогъэхьэ. Сабийхэм, сыт хуэдэ ныбжь имытми, джэгуну яфIэфIщи, апхуэдэу къызэгъэпэща дерсым хэт псалъэхэр щIэх дыдэу къапхъуатэ, нэхъ псынщIэ ягу ираубыдэ. Аращи, Iэмалу щыIэр, ар адыгэ хабзэм къезэгъыу щытмэ, къыдогъэсэбэп.

Сабийм залымыгъэкIэ зыри пхуегъэщIэнукъым икIи ебгъащIи хъунукъым. Дахэ защIэкIэ къызэрыдэпхьэхыным иужь уитын хуейщ. Ахэр ди хабзэм, ди бзэм къыдыдогъэхьэх, я фIагъыр идогъэлъагъу. Адэ-анэхэми ядэслъагъу IуэхугъуэфIхэм ящыщщ ахэр я бынхэм анэдэлъхубзэкIэ зэрепсалъэр. Абыи си гур хегъахъуэ.

**- Уи лэжьыгъэм удихьэхыу, гурэ псэкIэ зыхэпщIэу узэрыпэрытыр нэрылъагъу дыдэщ, Iэсият.**

- Ар пэжщ. «Адыгэ цIыкIум» теухуа псоми сыдехьэх, псоми дамэ къыстрегъакIэ. Куэдым яфIэгъэщIэгъуэнщ балигъхэри сабийхэри зэзэгъыу, зэкъуэту, адэ-анэхэри къытщIыгъуу зы унагъуэ хуэдэу дызэрызэдэлэжьэфыр. Апхуэдэу щIыщытыр лэжьакIуэ гупым ящыщ дэтхэнэми и къалэнхэмкIэ жэуаплыныгъэ лъагэ зыхещIэри аращ. Сэри сфIэфIщ егъэджакIуэхэм я сыт хуэдэ фIыщIи сымыгъэкIуэду щытхъу псалъэхэр яхужысIэну. Гукъыдэж зиIэу лэжьыгъэм пэрыхьэращ ехъулIэныгъэ зыIэрызыгъэхьэфынур.

**- Тхьэм уигъэпсэу! Фи мурадхэр къывэхъулIэу, гушхуэныгъэрэ гукъыдэжрэ гъащIэм щывгъуэту гупыр куэдрэ Тхьэм фызэдигъэлажьэ!**

*Епсэлъар* **ЩОМАХУЭ Алёнэщ**.

# Джэгум гъащIэм щиIэ мыхьэнэр

**Дахагъэм и фащэ нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ джэгур. Ар щIыщыIэр езым и щхьэщ (зыхущыIэжу), икIи абы хэтхэм, еплъхэм гухэхъуэ гуфIэгъуэ, тхъэжыгъуэ зыхащIэ. Джэгур псэуныгъэ фейдэ къызыпах Iуэхугъуэу зэрыщымытыр епхащ абы хэлъ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм, IэкIуэлъакIуагъэм, екIугъэм – мы псоми джэгум пкъралъхьэ хабзэщ, жыпIэ хъунумэ, удыгъэ, щэху гъэщIэгъуэн гуэрхэр. Пасэрей зэман лъандэрэ джэгур къагъэсэбэпу щытащ сабийр, щакIуэр гъэсэным, спортым хуэгъэхьэзырыным ехьэлIауэ.**

ИДЖЫРЕЙ математикэм и зы Iыхьэхэм ящыщщ «джэгум и теориер». Мыр холэжьыхь цIыху гъащIэм и Iыхьэ зэмылIэужьыгъуэхэм зыщрихьэлIэ гугъусыгъухэм хэкIыпIэ тэмэм къызэрыхуагъуэт мэсхьэбхэм. Псэуныгъэ IуэхукIэ фейдэншэу, ауэ дахагъэ ехьэлIауэ мыхьэнэ щхьэпэ иIэу цIыхум къыдекIуэкI джэгум философие щIэныгъэр дихьэхащ. Ар къызэрежьэрэ кIэлъыплъу хуежьащ джэгум и мыхьэнэм, ауэ щыхъукIи, зэман кIыхьым кърриубыдэу мыбы и гупсысэхэр зэрызэхуихьэсу щытар метафорэм и фащэхэмкIэщ.

Джэгум хуэушыныр цIыхум IэпкълъэпкъкIи, щэнкIи, хабзэкIи хуитыныгъэ къезытщ. Мыр дэзыхьэх пкъыгъуэр «псэ зыIут образщ» - хьэпшыпхэмрэ къэхъукъащIэхэмрэ я дахагъэр щызэхуэхьэсауэ, дахапIэм и нехьэкъехуэу. ДахапIэр езыр ящыщщ джэгуным узэрызыIэпишэ Iэмалхэм, цIыхум и гуащIэ къарур мыбыкIэ щхьэхуит дыдэ къохъу, езы цIыхуми зеузэщI. ЦIыху гъащIэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэр нэмыцэ философ икIи усакIуэ Шиллер джэгуным хелъагъуэ: «ЦIыхур цIыху нэс дыдэу щыщытым и дежщ щыджэгур, щыджэгум дежщ ар цIыху нэгъэсауэ щыщытри». Джэгур цIыхугъэ, хабзэ ткIийм и зы теплъэгъуэу къыдолъытэ, мыр гъуазджэм, ныбжьэгъугъэм быдэу пыщIауэ, икIи зэрыщIэкIэ щхьэхуитым, цIыхур щхьэхуэу зэрыщытыр къыщигъэлъагъуэ щIыпIэу, утыкуу добж. ЦIыху акъылым, губзыгъагъэм зиузэщIынымкIэ джэгур сэбэп мэхъу. Гъуазджэм и купщIэр - «щхьэхуиту джэгу къыфIэщIыныгъэрщ», мыбдеж цIыхур нэгъэсауэ щыщхьэхуитщ (псэкIэ), зэрыщхьэхуитри езым зыхещIыкIыж.

Адыгэ (шэрджэс) щэнхабзэм мыхьэнэ хьэлэмэт щызиIэщ джэгур. И мыхьэнэкIэ ар пэгъунэгъущ гуфIэгъуэ зэдэджэгу-зэпеуэм, дауэдапщэ зэмылIэужьыгъуэхэм я саулыкъукIэ зэхашэу щытмэ. Адыгэ джэгум ехьэлIа къэхутэныгъэ щхьэхуэхэр иригъэкIуэкIащ лъэпкъ щIэныгъэлI Бгъэжьнокъуэ Барэсбий. Джэгуным цIыхум хелъхьэ езым и зэхъуэкIыныгъэхэр. Бгъэжьнокъуэм елъагъу джэгум щэн хэха зэриIэр. Джэгур абы егъэбелджылы зы щытыкIэм къикIыу (мыбелджылы, гузэвэгъуэ) адрейм (белджылы икIи гузэвэгъуэ зыпымылъ) щытыкIэм зэрыхуэкIуэ щIыкIэу. «ДжэгукIэм хэтхэм яхузэфIокI мурадым зэрылъэIэсын, ехъулIэныгъэр къызэрахьэхун Iэмалхэр къаулъэпхъэщыну (ар джэгум и закъуэ мыхъуу адрей Iуэху зехьэкIэхэми къыщысэбэп зэфIэкIщ). Джэгур щытынущ: гупсысэм, акъылым, къызыфIэгъэщIыкIэм, зэпсэлъэкIэм, уэрэд жыIэным, къэфэным, къарукIэ зызэпщытыным ехьэлIауэ. МыбыкIэ гъэтIылъа мэхъу гъащIэм щызэхущыIэ зэдекIуэкIыкIэхэм я лъабжьэр», - етх абы.

Адыгэ джэгум и лъапсэр къафэращ, адрей псори абы къепхауэ, ар игъэдахэу аращ. Ди зэманым адыгэ джэгум и мыхьэнэкIи, и зэхэлъыкIэкIи, и егъэкIуэкIыкIи кьызэрымыкIуэу зихъуэжащ. Нобэ джэгум щыщу къэнэжар абы и купсэу щыта къафэхэрщ.

Лъэпкъхэр зэрызэхуэмыдэм хуэдэуи, я къафэхэри, я къэфэкIэхэри зэхуэдэкъым. Къафэхэм къагъэлъэгъуэф лъэпкъым и дуней тетыкIэр, дуней еплъыкIэр.

Ижь-ижьыж лъандэрэ къафэм мыхьэнэшхуэ иIэу къалъытэ, фадэкIэ загъэудафэртэкъым, фадэр щIаIэтыр хъуэхъут. ЦIыхуитI я къэфэкIэ псомкIи зэтехуэу щыIэкъым. Укъэфэну утыку укъыщихьэкIэ уи къарури, уи псэри хэплъхьэу укъэфэн хуейщ, узэрыадыгэр, адыгэ къафэ утыку къызэрыпщIыр пщымыгъупщэу, зызэкIэщIэпшу утемыту, Iэдэб уиIэу, укъызыдэфэ пщащэми пщIэ хуэпщIу, джэгум хэт псоми я пщIэри умыгъэпуду. Пщащэр джэгум деж хуиту, зипIытI-зихузу щымыту, ауэ и Iэдэбыр дахэу щытын хуейщ. Егъэлеяуэ псалъэу, дыхьэшхыкIейуэ, щIыкIейуэ щытыныр пудыгъэщ, гуемыIущ. Джэгум деж пщащэмрэ щIалэмрэ куэдыIуэрэ къызэдэфэнри екIуркъым, сыт хуэдэу фIыуэ зэрымылъагъуми. Апхуэдэр нэмыплъ мыхъужыным хуэсакъыпхъэщ.

Лъэпкъ къафэхэр мыхьэнэшхуэ зиIэ къэхъукъащIэщ. Ахэр лъэпкъым и къекIуэкIыкIар къэзыгъэлъагъуэщ. Адыгэ къафэхэм я ныбжькIэ илъэс мин бжыгъэ зэпачащ, нобэр къыздэсым дызэрыгушхуэ нарт хъыбарыжьхэм, пшыналъэхэм, уэрэдыжьхэм къадэгъуэгурыкIуэурэ ди деж къэсащи, дэри щIэблэхэм яхуэдвгъэхъумэ а лъэпкъ фIыгъуэр.

**АЩХЪУЭТ Анзор**.

# Мэрем Задин Мэтан и къуэр



Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэм хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 94-м иту дунейм ехыжащ республикэм и журналист нэхъыжьыфIхэм яз Мэрем Задин Мэтан и къуэр.

Задин 1930 гъэм Шэджэм районым хиубыдэ Нартан къуажэм дунейм къыщытехьащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутыр къиуха нэужь, абы Аруан районым къыщыдагъэкI «Коммунист» газетым (иджы - «Маяк-07») 1959 гъэм сурэттехыу лэжьэн щыщIидзащ.

1962 гъэ лъандэрэ Урысейм и Журналистхэм я союзым хэта Мэрем Задин «псэм щыщ цIыху» жыхуаIэм хуэдэт, и пщэ къыдалъхьа къалэнымрэ IэщIагъэмрэ ябгъэдилъхьэ къарур фIэмащIэу, зыщысхьыж имыIэу. ХущIыхьэгъуэ щIагъуэ къезымыт IэнатIэ зэрыпэрытым хуэдэу, Мэремым зэман къыдигъэкIыфырт журналист щIалэхэм IэзагъкIэ ядэгуэшэн папщIэ, абыхэм лэжьэгъу нэхъыжь, ныбжьэгъу яхуэхъуфырт.

ИужькIэ Мэремым и пщэ къыдалъхьащ мэкъумэш къудамэр, адэкIэ - редакторым и къуэдзэу лэжьащ. 1972 гъэм Задин ягъэуващ Шэджэм районым къыщыдагъэкI «Красное знамя» (иджы - «Голос Чегема») газетым и редактор нэхъыщхьэу. Илъэс 20-м щIигъукIэ лэжьащ Мэрем Задин ныбжькIэ зэIэпахыу къекIуэкIа а газетым и редактор нэхъыщхьэу.

IэщIагъэм хуэпэж журналистыр хьэл зэтет, жэуаплыныгъэ, бэшэчагъэрэ Iуэху тегушхуэкIэрэ зыдэплъагъу цIыхут, зыхуигъэувыжа мурадым къимыкIуэту теIэбэфу. А щэнхэм Задин дыщIигъуфырт цIыхугъэ лъагэ, лэжьэгъухэми ныбжьэгъухэми ятригуашэ гулъытэмкIэ цIэрыIуэт. Зауэм, и хэкуэгъухэм, къыщалъхуа къуажэм ятеухуауэ Мэрем Задин и къалэмыпэм лэжьыгъэ куэд къыщIэкIащ. Ар сыт хуэдэ зэмани дихьэхырт щэнхабзэм щызыIэрагъэхьэ ехъулIэныгъэхэм, экономикэм зэрызиужьым кIэлъыплъырт.

Мэрем Задин и зэфIэкIым хуэфащэн гулъытэ игъуэтыжащ. Абы кърататауэ щытащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и ЩIыхь тхылъыр, «Хэку зауэшхуэм хилъхьа гуащIэдэкIым папщIэ», «И гуащIэдэкI хьэлэлым папщIэ» (Ленин В. И. къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум ирихьэлIэу) къыдагъэкIа медалхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Журналистхэм я союзым и саугъэти къыхуагъэфэщат, «Нартан къуажэм щIыхь зиIэ и цIыху» цIэр зэрихьэрт.

Мэрем Задин и цIэр илъэс куэдкIэ илъынущ ар зыцIыхуахэм я гум.

***КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэр, «КъБР-Медиа» къэрал IуэхущIапIэр, Шэджэм районым и администрацэмрэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советымрэ.***



# Я зэхуэдэ Хэкур яхъумэрт

**Вэрокъуэ Владимир и цIэр зезыхьэ ЩэнхабзэмкIэ фондым Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекIуэныгъэ Иным щытепсэлъыхьа зэIущIэ щекIуэкIащ. Ар къызэригъэпэщащ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм. Фондым щызэхуэсащ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ щэнхабзэ IуэхущIапIэхэмрэ я лIыкIуэхэр. Абыхэм зэIущIэм къыздахьат ТекIуэныгъэм щIэзэуа я нэхъыжьхэм я сурэтхэр икIи ахэр фондым щахъумэну щIалъхьащ. КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Гергоков Джамбулэт ди къэралым и дежкIэ ТекIуэныгъэм и махуэшхуэр псом нэхърэ нэхъ лъапIэу къызэрилъытэр жиIащ.**

- «ДЭ ди къалэнщ Хэку зауэшхуэм и фэеплъыр тхъумэну, ТекIуэныгъэм зи псэр щIэзытахэр ди гум илъыну. Зы танкым ису къыщагъэуа къэхъуащ урыси, къэзакъи, дагъыстэни. Абыхэм загуэшыртэкъым къызыхэкIа лъэпкъ елъытауэ, атIэ псоми я зэхуэдэ Хэкур яхъумэрт», - жиIащ Гергоковым. Министрым и къуэдзэм къыхигъэщащ языныкъуэ къэралыгъуэхэм ди ТекIуэныгъэм и мыхьэнэр ягъэцIыкIуну хуейуэ гупсысэ мыфэмыцкIэ мы Iуэхум зэрыбгъэдыхьэр. Украинэм фашизмыр щагъэзэхуэну яужь зэритыр.

- Апхуэдэ гупсысэ мыхьэнэншэ къэзыгъэлъагъуэхэм фIы ягу илъкъым. ИкIи Iэмал фIейхэр къагъэсэбэп, ди щIэблэр зэхэзещхьуэн ящIын, ди дадэжьхэм я псэм телъа гугъуехьыр зыхамыщыкIыу, зэкъуэчарэ Iуэху еплъыкIэкIи зэпэжыжьэу къагъэхъун папщIэ. Апхуэдэхэр тетщ «зэпэщIэхи унафэ ятещIыхь» жыхуиIэ гупсысэкIэм, - жиIащ абы.

Гергоковыр щхьэхуэу къытеувыIащ зауэ Iуэху хэхам хэкум и пащхьэм хахуэу я къалэн щагъэзащIэу лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкIа ди щIалэхэр зэрыщыIэм.

ЗэIущIэм щыжаIащ цIыхухэм хэкум хуаIэ лъагъуныгъэр хъумэным теухуауэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ лъэпкъ щхьэхуэхэм я щэнхабзэ центрхэмрэ Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр щIэх-щIэхыурэ ирагъэкIуэкIын зэрыхуейр.

«Днипро» украин лъэпкъ щэнхабзэ центрым и унафэщI Харенкэ Светланэ тепсэлъыхьащ Накъыгъэм и 9-м зэрызыхуагъэхьэзырым, абыхэм язщ «Сабийхэм зауэм дакъыхуоджэ» Iуэхур. «Сябры» белорус зэгухьэныгъэм и унафэщI Сидорук Павел къыхигъэщащ къэралым и тхыдэм кууэ ущыгъуэзэну зэрыщхьэпэр, къытеувыIащ я зэгухьэныгъэм илъэс кIуам илэжьахэм. «Азери» щэнхабзэ центрым и унафэщI Дадашев Алий жиIащ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIахэр зэкъуэувэурэ къэралым къызэрыщхьэщыжым зэрыщыгуфIыкIыр. Дагъыстэнхэм я лъэпкъ щэнхабзэ центрым и унафэщI Сурхайханов Ибрэхьим къытеувыIащ узыщыпсэу къэралым и къэкIуэнум сэбэп ухуэхъун папщIэ абы и тхыдэм зыщыбгъэгъуэзэн зэрыхуейм.

Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ мы гъэм илъэс 79-рэ зэрырикъум траухуа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ щIэблэм и гъэсэныгъэм, Хэку лъагъуныгъэр щIалэгъуалэм я гум зэрынэпхьэс хъуну Iэмалхэм, Урысейм и тхыдэр абыхэм яджынымкIэ зэрытегъэгушхуапхъэм. «Родник» хорым зэIущIэр уэрэдхэмкIэ игъэдэхащ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ**.

# Иджырей хьэгъуэлIыгъуэм теухуауэ

**ХьэгъуэлIыгъуэ егъэкIуэкIыным илъэс бжыгъэ хъуауэ ущыхэткIэ, куэдым гу лъыботэ. ЦIыхухэр зэрыхъукIэ хабзэм тетыну хущIэкъуми, ямыщIэ куэд къыхокI. Апхуэдэхэм деж джэгуакIуэхэм зыкъытхуагъазэ, ди псалъэ щIоупщIэ. ХьэгъуэлIыгъуэр зэрыдэтхым нэмыщI, цIыхухэм я щIэныгъэми зэрыхэдгъэхъуэным иужь дитщ - адыгэ джэгу дауэдапщэхэр яхузэпкърыдох, хьэгъуэлIыгъуэм и философием хыдогъэгъуазэ. Мы тхыгъэ кIэщIым къриубыдэу цIыхухэр нэхъыбэрэ зыщIэупщIэ упщIэ зыбжанэм сыкъытеувыIэну сфIэигъуэт.**

ЯПЭРАУЭ, нысэ къэшэныр лъыхъум деж щеублэ. Лъыхъу хъужри мыращ - щIалэм и лъэныкъуэмкIэ лIитI-щы къэшэн хъыджэбзым я унагъуэм йокIуалIэри, я пхъур кърартрэ благъэ зэхуэхъумэ зэрагуапэр хуаIуатэ, къамыгъэщIэхъунуи мэлъаIуэ. ЗэгурыIуэхэмэ - пIалъэ зэIэпахри, хьэгъуэлIыгъуэр къыдах.

Гу зэрылъыфтащи, си псалъэм къыщызгъэщхьэпар «нысэ къэшэн» къэпсэлъыкIэращ. Абы теухуауи иджыпсту зэгурымыIуэ щыIэщ. Куэдым «фызышэ» псалъэр къагъэщхьэпэ хъуащ. Дэ зэрытщIэмкIэ, хъыджэбздэс яшэмэ ар нысашэщ. Пхъужь, унагъуэ иса цIыхубз щыдэкIуэжкIэ - фызышэщ. «Сыт хуэдэми, аракъэ?» - жызыIэни къахэкIынщ, ауэ адыгэбзэм ухуэсакъыу зепхьэмэ нэхъыфIщ.

Мыдрейуэ, куэдрэ щIэупщIэ хабзэщ «нэчыхь тхыгъуэр дапщэщ» жаIэри. Нысашэу, фызышэу къыщашэкIэ къашэм и унагъуэм щатх. КъыдэкIуэсамэ, къагъэкIуэсамэ, кърахьэжьамэ, къахьарэ унэидзыхьэмэ, здрахьэлIа унагъуэм щатх.

Нысашэ-фызышэм и зы Iыхьэщ лъэпкъитIым я зэхуаку къыщекIуэкI мылъку зэIэпыхыныр. Хабзэжьым къызэриIуатэмкIэ, адэм и дыщырыкI мылъкум къыдэкIуэу нысэ уасэм и Iыхьэшхуэфlыр пхъум иратыжырт. Уасэ тыным и лъабжьэр - цIыхубзым и пщIэрэ и щхьэрэ игъэлъэпIэжрэ зэплъыжыфу, уней мылъкукIэ къызэгъэпэщауэ зыхэпсэукIын иIэнырщ. Пасэреймрэ иджыреймрэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, зыкIи зэтехуэжыркъым. Нобэми мылъку зэIэпах, пыухыкIауэ хабзэ гуэрым темыту.

КъищынэмыщIауэ, уасэмрэ пщIэмрэ щызэхагъэгъуащэ къохъу. Къашэну нысэр къыщагъэтэджкIэ къэкIуахэм «гъэтэджыпщIэ» ят, къагъэтэджа иужь и Iэщхьэр зыубыд цIыхубзитIми «Iэщхьэубыдыпщlэ» ят. Апхуэдэр пщIэщ, армыхъумэ уасэкъым.

Нысашэр, дауи, цIыхубзым и дежкIэ нэхъ лъапIэщ, нэхъ екIуу къалъытэ. Мыдрейуэ дэкIуасэри, къагъэкIуасэри, кърахьэжьэри, унэидзыхьэри ягъэемыкIуркъым, лъэпкъитIыр зэгуроIуэжхэри, джэгу дахэкIэ зэхэтщ.

Къэшэным, дэкIуэным ехьэлIауэ «пхъэрымрэ» «хъыбарегъащIэмрэ» щызэхагъэзэрыхь къохъу. «Пхъэр» жыхуаIэр хъыджэбзыр зэрымыщIэкIэ ирахьэжьамэ, ар къытрахыжыну кIэлъыкIуэ, кIэлъыжэ цIыхухэрщ. Мыдрейуэ, хъыджэбз ирахьэжьар зрахьэлIа унагъуэм къыбгъэдэкIыу пхъур зейхэм я деж лIыкIуэ ягъакIуэм «хъыбарегъащIэкIэ» йоджэ.

Адыгэм и сыт хуэдэ хабзэри зэIубзу, нахуэу, зэхэхауэ щытщ. Нобэрей псэукIэм куэд дэкIуэдми, нэхъыбэжыр пхузехьэнущ уфIэфIмэ, уи фIэщмэ, иужь уитмэ.

ХъуэхъукIэ сухыжынщи, хьэгъуэлIыгъуэ щIэдмыщIын, джэгу щIызэхэдмышэн щхьэусыгъуэ лъэпкъкIэ Тхьэм къыдимыт!

**НЭХУЩ Тимур**.

# Псы цIыкIум и къару

*(Рассказым щыщ пычыгъуэ)*

Гъэмахуэ пщэдджыжьым къуажэр хуэмурэ къыдоуш. Псом япэу махуэщIэм пежьэ бзу цIыкIухэр жыгыщхьэм щоубзэрабзэ. Трактор ву макъ къэIуащ, пэгун макъ, жэм бу макъхэри зэхыбох. Къуажэдэсхэр лэжьыгъэм къыщIэтаджэрт. Мадинэ жэмыр Iэхъуэм къыкIэригъэхуа и гугъэри, псынщIэу къыщылъэтащ, арщхьэкIэ нэхулъэр къызэкIэщIитхъа къудейт. IэфIу жей сабийхэм яхуеплъэкIри пыгуфIыкIащ. Сыту IэфI сабиигъуэр! И адэ шыпхъум и сабиитIымрэ и адэ къуэшым и сабиитIымрэ къуажэм къишауэ щыIэт: «Фэри зывгъэпсэхунщ, езы цIыкIухэми заукъуэдиинщ. Сэ сыдэсщ, сакIэлъыплъынщ, сахуэсакъынщ», - жери кърригъэшат. ШхыIэн ятекIуэтар ятрипIэжри, жэмыр ишыну Мадинэ къыщIэкIащ. Мадинэ, илъэситI хъуауэ, щеджа еджапIэм увыжауэ пэщIэдзэ класым егъэджакIуэу щылажьэрт, иджыпсту гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм анэшхуэм дэIэпыкъуу щыIэт.

Пщэдджыжьым и напIэр хуэмурэ къызэтрихырт. Дыгъэ къэушар къыдэкIуэтейрт. ГуфIэгъуэуи гузэвэгъуэуи и нэгу щIэкIынум зыхуигъэхьэзыр хуэдэу, и бзийхэр щIылъэм къытредзэ. Мадинэ уафэм дэплъейри, и щхьэ хужиIэжу, махуэм фIыкIэ щыгугъыу, жиIащ: «СыткIэ къытхуэупсэну пIэрэ нобэрей махуэр? Сыт хуэдэ гуфIэгъуэу пIэрэ къуажэм къыдэIуэнур?» Пщэдджыжь акъужь къабзэ щIыIэтыIэр гум егуэпэкIыу зыжьэдишэри, Мадинэ и пщэдджыжь Iуэхум пэрыхьащ. Жэмыр ишри, Iэхъуэм дигъэкIащ, шэр щIихури, кхъуей хихыну шэр игъэхуэбэну тригъэуващ. Пщэдджыжь къэс шэщIэху къакIуэ гъунэгъу фызхэр хуэмурэ къызэхуэсу щIадзащ.

«Дапщэрэ бжесIэну, шэщIэхур умытхьэщIыж, псоми щIэтхумэ, птхьэщIыжынщ», - къехъурджэуащ Хъаний. Хъаджэти и псалъэ къыхидзащ: «Мы Динэ цIыкIу зышэр ехъулIащ тхьэ. Унагъуэ зехьэн и пщэ къыдэхуэмэ, зыкIи къимыкIуэту и Iуэху Iыхьэр хуэщIэнущ. Абы дыгъуасэ трикIа гуэщ щIыбыр-щэ? Къопсэлъэным хуэдэщ».

Рэхьмэт цIыкIуи щIигъужащ: «Наусэрэ Лусэрэ ягъэса Iей хъункъым. Наусэ Лусэ пхъум хуэдэу елъагъу, нысэу къилъытэркъым. А тIум я кум къыдэхъукIа хъыджэбзыр мыгъасэ хъун? Унагъуэм щызэхиха псори зыхилъхьащ». Апхуэдэурэ мащIэмащIэурэ псалъэмакъыр нэхъ кIащхъэ хъуащ, шэ щIэхуныр яухри, гъунэгъу фызхэри зэбгрыкIыжащ, хъыджэбзым хужаIэ хъуэхъур яфIэмащIэу.

Кхъуейр здыхихым, Мадинэ сымаджэщым щIэлъ и анэшхуэм егупсысырт: «Дауэ щыту пIэрэ? Тхьэм куэдрэ тхуигъэпсэу, Алыхьым узыншэ тхуищIыж. Мазищ хъуащ ди адэшхуэр дунейм зэрехыжрэ. Нанэ ар къызэрытехьэлъэр псоми тлъагъурт, ауэ и лъэр апхуэдэу щIэх щIигъэхуну хэт ищIэнт?» Анэшхуэм къажриIэ псалъэ пэжхэр, акъыл зыхэлъ и ущиехэр, чэнджэщ тэмэмхэр сытым дежи и гум илъщ. «Нэгъуэщ Iхэр фи щхьэ ефлъыт, гущIэгъу зыхэвгъэлъ. Зыщывмыгъауэ, фычэнджащэ. Бетэмалщ цIыхум и напэр текIыныр. Нэхъыжьым къывжиIэм федаIуэ, фIым фыхуэзыущийм фыщигъэуэнкъым». А гупсысэхэм хэту унэшхуэмкIэ и адэ къуэш Хьэжпагуэ къыщIэкIри, сэлам кърихащ, жэм зэрыта Iуэр къитхъуащ, псыежэхым дэлъадэри, зигъэщIыIэтыIэри къыдэкIыжащ. Мадинэ къыхутригъэува къалмыкъ шеймрэ чыржынымрэ ишхри, и анэм щIэупщIэну, нэгъуэщI Iуэху гуэрхэри иIэу Налшык кIуэну дэкIащ.

Махуэри къыдэкIуэтеящ, сабийхэр итхьэщIщ игъашхэри, пщIантIэм джэгуну щIигъэкIащ. «Анэшхуэр къэкIуэжмэ, щыгуфIыкIынщ», - жиIэри унэ лъэгум ятIэ зэхищIар ирилъхьащ, сабийхэр пщIантIэм дэтыху гъущыжынщ, жиIэри. Шэджагъуэ хъуат.

Хьэблэм дэсыр хэт губгъуэм дэкIат, хэти Iуэху яIэу зэбгрыкIат. Сабийхэм зыщIыпIи мыкIуэну яжриIэри, Мадинэ пхъэхьым пэгунитIыр фIидзэри псыхьэ кIуащ. И пэгуным псы къыпыжыр къилъэдэху, псыежэх цIыкIум хэплъэу щытащ. Псынэ цIыкIуу къыздыщIэжым къыщежьэрти, мэзхэмрэ бгыхэмрэ зэпиупщIырти, и къабзагъэри ихъумэжу, макъ щабэ цIыкIу игъэIуу ежэхырт Къулъкъужын псы цIыкIур. Уэрэд дахэ жиIэ хуэдэ, псы щэныфIэ цIыкIут, уэртэкъым, зыкIи шынагъуэтэкъым. И бгъуагъкIэ метритI нэхъыбэ хъуртэкъым, и кууагъкIи лъэкIэным фIэкIыртэкъым, лъэгуажьэм щынэс щIыпIэ закъуэтIакъуэ иIэу арат. Нэхъ куупIэм мэлыхъуэцIэнлъ фIыцIэ хэлъщи, сабийхэм ар я джэгупIэщ, загъэцIантхъуэурэ псым хопкIэ.

**КЪУЭЩIЫСОКЪУЭ Елдар**.

*ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар* **ЖЫЛАСЭ Маритэщ**.

## Дунейм щыхъыбархэр

### ДэIэпыкъуэгъу яхуохъу

**Урысей Федерацэм и Правительствэм Белгород областым хухихащ сом мелуан 500, щIыпIэ IуэхущIапIэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ дэIыгъыным хуэунэтIауэ. А унафэм Iэ щIидзащ УФ-м и Премьер-министр Мишустин Михаил.**

МЫЛЪКУР къыхагъэкIащ Урысейм и Правительствэм и гъэтIылъыгъэ фондым. А ахъшэр хьэрычэтыщIэхэм щапшыныжыну пIалъэр ягъэкIуэта страховой пщIэмкIэ, апхуэдэу я хэхъуэм щхьэщатыкIын хуей налогымкIэ яIэ хэщIыныгъэм пэкIуэ субсидиеу ирату аращ.

УФ-м и Правительствэм и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ, я мылъкум хатыкIын хуей пщIэр пIалъэкIэ зыхуагъэIэпхъуауэ щытар Украинэм IэщэкIэ зэщIэуэзэда и къарухэм я зэран зэкIа IэнатIэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ, апхуэдэуи а унэтIыныгъэм щылажьэхэу 2022 гъэм елъытауэ блэкIа илъэсым зи хэхъуэр процент 30-кIэ нэхъ мащIэ хъуахэмрэщ.

НэхъапэкIи Белгород областым и цIыхухэр, абы и хьэрычэтыщIэхэмрэ промышленнэ лэжьакIуэхэмрэ даIыгъыу сом меларди 2-м щIигъу хуаутIыпщауэ щытащ. Псори зэхэту а Iуэхум хухахынущ сом меларди 6-м щIигъу.

### Я къарум хощI

**Урысейм зэпсэлъэныгъэхэр дезыгъэкIуэкIын правительствэщIэ Украинэм къыщыунэхункIэ хъунущ. Апхуэдэ и Iуэху еплъыкIэр къигъэлъэгъуащ Америкэм щыщ дипломат Фридман Час.**

«ЗЕЛЕНСКИЙ Владимир и ерыщагъыр езым зэран къыхуэхъужынкIэ хъунущ, къэралым щытыкIэр зэрыщымыщIагъуэр нэсу къызыгурыIуэхэр щыIэщ, абы ипкъ иткIи правительствэщIэ Киев къыщызэрагъэпэщыным Iуэхур хуэкIуэфынущ», - жиIащ дипломатым.

Фридман Час къыхигъэщащ Урысейм зэпсэлъэныгъэхэр дегъэкIуэкIыным и телъхьэхэр Украинэм зэрыщымымащIэр, ауэ къэралым и Iэтащхьэм апхуэдэ Iуэху зэрахуэу зэримыдэр. Апхуэдэуи абы къигъэлъэгъуащ Украинэм IэщэкIэ зэщIэуэзэда и къарухэм я зэфIэкIым зэрыхэщIыр икIи щэкIуэгъуэ мазэ пщIондэ зэпыщIэтыныгъэхэм зэрыхэмытыфынур.

### Нобэ

**♦Радиом, связым и IэнатIэ псоми я лэжьакIуэхэм я махуэщ**

**♦1985 гъэм Налшык Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ.**

**♦1990 гъэм** КъБР-м и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

**♦1936 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБР-м щIыхь зиIэ и агроном **Чэгъэду Владимир**.

**♦1950 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Балэ Иринэ**.

**♦1954 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къудей Владимир**.

**♦1954 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI (ПхытIыкI) Соня**.

**♦1957 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ПщыхьэщIэ Хьэсэнбий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 11, жэщым градус 11 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 3-кIэ зихъуэжынущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Дахэ псор дахэкъым, псэр зэхъуапсэр дахэщ.**

● Нобэ Радиом и махуэщ

# «Псалъэр Налшыкщ» жыIэгъуэр къыздикIар



**Накъыгъэм и 7-р дунейпсо щIэныгъэм и тхыдэм хэтщ Радиор къыщыунэхуа махуэу. Абы щыгъуэщ, 1895 гъэм, Урыс физико-химие зэгухьэныгъэм и зэIущIэм Попов Александр япэ радиоприёмникыр утыку къыщрихьар**...

1945 ГЪЭМ накъыгъэм и 7-м СССР-м Iэтауэ щагъэлъапIэрт радиор къызэрыдагъэкIрэ илъэс 50 зэрырикъур. Абы ипкъ иткIэ къэралым и Правительствэм унафэ къищтат гъэ къэс а махуэм ар ягъэлъапIэу ябжыну. Нэхъ иужькIэ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1980 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м къыдигъэкIа унафэмкIэ («Махуэшхуэхэмрэ фэеплъ махуэхэмрэ ятеухуауэ»), махуэшхуэр ягъэуващ.

Куэд щIаи хуэдэкъым абы лъандэрэ. ИтIани илъэс 50 иримыкъу и пэ, радиоприёмникхэр зы телъыджэ къэхъугъуэ гуэрт. Иджыпсту радиор, телевиденэр, жып телефонхэр ди гъащIэм къызэрыхыхьэпар, зэрызыдужьар куэдкIэ и фIыгъэу къалъытэ Поповым и къэхутэныгъэм. Километрищэ бжыгъэкIэ зэпэжыжьэхэр зэпыщIа зэрыхъуар дзэ Iуэхуми промышленностми сэбэп яхуэхъуат. Ди зэманым хъыбархэр къызэрытIэрыхьэ Iэмалхэр нэхъыбэж хъуами, радиом яфIэфIу едаIуэхэр щыIэщ икIи мащIэкъым. КъызэрапщытамкIэ, нобэ радиор къэзыгъэсэбэпхэм я процент 75-р абы щодаIуэ автомобилым щискIэ. Тхыгъэм адэкIэ и гугъу щыфхуэтщIыну дыхуейт радиор къызэрыгъуэгурыкIуам теухуауэ Iуэхугъуэ нэхъ гъэщIэгъуэну щыIэхэм.

Япэ политикэ къэхъугъэу радиокIэ къатауэ щытар Урысей псор зыгъэзджызджа Октябрь зэщIэхъееныгъэр 1917 гъэм зэрыщIидзарт. Интернетыр къежьа нэужь, зэрамыгугъауэ, радиор IуигъэкIуэтакъым. 1993 гъэм интернетым и «хъым» япэу радиостанц лэжьэн щыщIидзати, цIыхухэм приёмник щхьэхуэ къамыгъэсэбэпу абдеж щедаIуэ зэрыхъуам абы и щIэупщIэм хигъэхъуа фIэкIа хэщIатэкъым.

ООН-м къызэригъэлъагъуэмкIэ, мы зэманым дуней псом радиостанц мин 51-м щIигъу щолажьэ, щхьэж езым и унэтIыныгъэ иIэжу. Псалъэм папщIэ, зы радиостанц гъэщIэгъуэн щыIэщ. Абы къатыр британ щIэныгъэлI цIэрыIуэ гуэрым нэхъ пасэм къуалэбзухэм уэрэд кърашу плёнкэм тригъэтхауэ щыта макъхэрщ.

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм закон гъэщIэгъуэн 2013 гъэ пщIондэ яIащ, и къэрал радиостанцхэр щIыпIэм щылэжьэну хуимыту. Радиор къыхуеджэныгъэ Iэмэпсымэу къалъытэрт.

Хэку зауэшхуэм и зэманым Левитан Юрий и радио хъыбархэм цIыхубэ псор пэплъэрт. А зэман хьэлъэм и фэеплъу, абы и макъыр тхыдэм къыхэнащ. Хьэлэмэтращи, а лъэхъэнэм хъыбар къитахэр плёнкэм трагъэтхауэ щытакъым - илъэситху дэкIа нэужь, зауэр иухауэ, щIэблэм папщIэ хъыбархэр ирагъэтхыжауэ арат.

1930 гъэм мэлыжьыхьым и 18-м «Би-би-си» радиом махуэ псом уэрэд фIэкIа кърагъэуатэкъым. ЗэратхыжымкIэ, радиом едаIуэхэм къэхъуар къагурымыIуэу къэуIэбжьат. ИужькIэ абы и щхьэусыгъуэр радиостанцым и унафэщIхэм цIыхухэм ирагъэщIащ, а махуэм хъыбар хьэлэмэт зыри зэрыщымыIам ар зэрепхар.

Радиоспектакль нэхъ цIэрыIуэ дыдэу дуней псом нобэр къыздэсым къыщалъытэр Уэллс Герберт и «Война и мир» гъэлъэгъуэныгъэрщ (1938 гъэм США-м щагъэувар). А лэжьыгъэм Марсым и цIыхухэр цIыхубэм къытеуауэ хэтт. Абы едаIуэхэм ар зэрыспектаклыр къагурымыIуэу занщIэу зэрыхьзэрий къаIэтащ гужьеяуэ. Пэжыр къыщыщIэщыжам, къэгубжьа цIыху гупышхуэм спектаклым и къызэгъэпэщакIуэхэр полицэм ерагъыу щихъумауэ аращ.

ЗэратхымкIэ, радиом и сэбэп екIауэ щытащ Париж нобэ и дамыгъэ нэхъыщхьэ дыдэми - Эйфелевэ чэщанэм. Ар Iуахыжыну загъэхьэзырырт илъэс 20 дэкIа нэужь, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ щIагъэувар Франджым и щыхьэрым абы щыгъуэм щекIуэкIа дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэрат. Ар радиом кърегъэлащ - чэщанэм антеннэхэр тебгъэувэ зэрыхъунур ягу къэкIри.

Къэбэрдей-Балъкъэрми япэ радио IэнатIэм лэжьэн щыщIидзауэ щытащ 1923 гъэм. Абы Москва щагъэхьэзыр нэтынхэр къиIукIырт. 1926 гъэм и кIэм «Малый комитерн» радиостанцыр яухуэн щIадзэри, къыкIэлъыкIуэ илъэсым накъыгъэм и 1-м граждан зауэм и лIыхъужь Къэрэшей Хьэжумар и цIэр зезыхьэ 51-нэ радиостанцыр къэралым къыщызэIуахат. Партым и щIыналъэ комитетым деж щыIа радиосоветым зэхигъэува программэхэр щIыпIэ газетым 1927 гъэм накъыгъэм и 19-м къыщытрадзэри, пщыхьэщхьэм япэу эфирым къыщыIуащ: «Псалъэр Налшыкщ» псалъэхэр. Абдеж щегъэжьауэ урысыбзэкIэ, адыгэбзэрэ балъкъэрыбзэкIэ нэтын гъэщIэгъуэнхэр ягъэхьэзыру къогъуэгурыкIуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр радиом 1927 гъэм хоррэ накъырэ еуэ гупрэ къыщызэрагъэпэщауэ щытащ. Абы щылэжьэну ирагъэблэгъат Къашыргъэ КIурацэ, Къэжэр Индрис, Ашуров Танахум сымэ, нэгъуэщIхэри. Япэ макъамэ нэтыныр къатащ 1927 гъэм мэкъуауэгъуэм и 3-м. 1930 гъэхэм республикэм и щэнхабзэм и курых хъуащ радиор. Абы къыщызэрагъэпэщащ уэрэдымрэ къафэмкIэ ансамблри. Япэ дикторхэм я макъхэр щIыналъэм щыпсэу дэтхэнэми ицIыхурт. Апхуэдэт Безрокъуэ Хужь, Дугоев Михаил, Антоновэ Нионилэ, Семэн Зинаидэ сымэ я макъхэр.

1942 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м нэмыцэхэм я топышэм радиом и унэр икъутащ. Кърагъэла Iэмэпсымэхэр Тбилиси яшэри, абы Теунэ Хьэчимрэ Залиханов Жанакаитрэ хъыбархэр къратыкIын хуей хъуат. 1943 гъэм щIышылэм и 3-м Налшык щхьэхуит къащIыжащ. Махуищ дэкIри, Пощтымрэ (иджы Нэгумэм) Къэбэрдей уэрамымрэ радиор къыщыпсэлъэжащ. Хэку зауэшхуэм я щхьэ халъхьащ радиом и лэжьакIуэхэу Къэжэр Индрис, Кучмезов Хамит, Амщокъуэ Мухътар, Тыкъуэ Къубатий, ХьэцIыкIу Нартщауэ, Жазаев Мусса. АдэкIэ илъэс гуащIафIэхэр къэкIуащ, радиом и «дыщэ фондым» лэжьакIуэ псэемыблэж куэдым я макъ къыхэнащ.

Радиом, связым и IэнатIэ псоми я лэжьакIуэхэм я махуэмкIэ дохъуэхъу, цIыхухэм я гукъыдэжыр къэзыIэтыну хъыбархэр сыт щыгъуи яIэну.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Лъэпкъ гупсысэхэр егъэIу

*Джыназ Заремэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и урысей радиом хъыбарыщIэхэмкIэ къудамэм щолажьэ, адыгэбзэкIэ нэтынхэр ирегъэкIуэкI. Ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым экономикэм щыхуеджащ. Ауэ а IэщIагъэм ирилэжьакъым, радиом ехъуапсэрти, къехъулIэмэ еплъыну уващ икIи и псэм дыхьауэ IэнатIэм пэрытщ. Заремэ езыр адыгэпсэщ, лъэпкъым епха Iуэхугъуэхэр утыку кърехьэ, адыгэм къыдекIуэкI гупсысэкIэр цIыхубэм я деж негъэс радиом и фIыгъэкIэ. IэнатIэм зэрыпэрыта илъэси 10-м къриубыдэу къехъулIахэм, игу хэзыгъахъуэхэм, нэхъ зэгугъухэм ятеухуауэ упщIэ зыбжанэм къыпэджэжащи, ди щIэджыкIакIуэхэм дывдогуашэ.*



**- Радиом ущылэжьэныр щхьэ къыхэпхат?**

- Сызыхуеджар экономикэр арами, сытым дежи литературэрщ сыдэзыхьэхыу щытари щытри. Тхьэм апхуэдэу зэхуигъэхъуауэ къысщохъу, си лэжьыгъэкIэ литературэм сыщрипхым. Радиор си Iэпэгъут, нэхъыфIу слъагъу нэтынхэр щекIуэкI зэманхэр гукIэ сщIэрти, зытезгъахуэурэ седаIуэрт. ЖыпIэнурамэ, къысхуэмыгъэсу сыпэплъэрт.

Радиор си къэухьым зезыгъэубгъуахэм ящыщ зы Iуэхугъуэщ, къапщтэмэ. ГъащIэм и лъэныкъуэ куэдым тIэкIу-тIэкIу хэпщIыкI уещI абы, дунейм щекIуэкIхэми Iэмал имыIэу ущыгъуазэщ уи лэжьыгъэр абы щепхакIэ. Радиом дунейр нэхъ щIэщыгъуэ ещI ипэжыпIэкIэ, абы къекIуалIэ ди хьэщIэхэми псэ лъахэ зырызыххэ яIэщ, гупсысэкIэ къулейуэ.

Интернетым и зэранкIэ ди зэманым цIыхухэр я теплъэкIи, гупсысэкIи, Iуэху еплъыкIэкIи, псэлъэкIэкIи зэщхь хъууэ къысфIощI ди зэманым. Ди лъэпкъым лIэщIыгъуэкIэрэ зэтригъэува хабзэнэмысыр абы игъэкIуэдынкIэ шынагъуэ щыIэщ. Си фIэщ хъуркъым абы и лъэныкъуэкIэ интернетым фIы къытхудэкIуэну.

**- Сыт хуэдэ нэтынхэр бгъэхьэзырыну нэхъ пфIэфI?**

- Радиом сызэрыщыIэрэ нэтын зэмылIэужьыгъуэхэм яужь ситащ, ауэ сигу нэхъ къыдыхьэр литературэм епхарщ. ЛъэпкъыбзэкIэ лажьэ радиожурналистхэм гулъытэ хэха хуащI анэдэлъхубзэр хъумэным. Нобэ бзэм и Iуэхур нэхъ дыкъэзыгъэгузавэхэм ящыщщ. Ар ди жагъуэщ. Дэ радиом къыдит Iэмалхэр къыдогъэсэбэп анэдэлъхубзэр хъумэным ди сэбэп хэтлъхьэн папщIэ. Ди лъэпкъым къызэринэкIа тхыдэм теухуа нэтынхэр диIэщ. Ахэр къыдэдаIуэхэм нэхъ ягу дыхьэхэм ящыщщ икIи щIэх-щIэхыурэ къыподжэжхэр.

**- Лэжьыгъэм упэрытыну гукъыдэж къозытыр сыт?**

- Гукъыдэж къызэзыт Iуэхугъуэхэм ящыщщ цIыху щэджащэ куэдым сазэрыIущIэр, гупсысэ щIэщыгъуэхэр зиIэхэр къызэрысцIыхур. Абы псэр нэхъ бей ещI.

**- Уадыгэным къикIыр**...

- СэркIэ уадыгэным къикIыр уи бзэр пIурылъу, уи лъэпкъ хабзэр зепхьэжу, уи тхыдэм ущыгъуазэу, емыкIур зищIысыр пщIэуэ дунейм утетынырщ.

*Епсэлъар*
**ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

**КЪУДЕЙ Владимир:**

# ЦIыхугъэ, адыгагъэ зэрызетхьэнум дыхущIэкъуу допсэу

● Юбилей



*Къудей Владимир Жантемыр и къуэр Тэрч районым хыхьэ Курп Ищхъэрэ къуажэм 1954 гъэм накъыгъэм и 7-м къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр къыщиуха 1970 гъэм ар щIэтIысхьащ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым и урыс-адыгэ къудамэм. ЕджапIэ нэхъыщхьэр къызэриухыу, Къудейр ирагъэблэгъащ ВЛКСМ-м и Тэрч райкомым.*

*И щIэныгъэм, шыIэм, набдзэгубдзаплъагъэм, цIыхугъэм я фIыгъэкIэ къулыкъуукIэ дэкIуэтейуэрэ, зэман кIэщIкIэ комсомолым и райкомым и етIуанэ секретарь хъуащ. 1980 гъэм Владимир «Ленин гъуэгу» (иджыпсту «Адыгэ псалъэ») газетым лэжьэн щыщIидзэри, илъэсихкIэ абы щыIащ. ИужькIэ ар ирагъэблэгъащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и аппаратым икIи илъэсищкIэ абы и къызэгъэпэщакIуэ къудамэм и лэжьакIуэу щытащ.*

*1989 гъэм журналистикэм игъэзэжащ «Кабардино-Балкарская правда» газетым политикэмкIэ и къудамэм и унафэщIу. Къудей Владимир-журналистыр цIыхубэм нэсу къыщицIыхуар а лъэхъэнэрщ.*

*1990 гъэм Налшык къалэ Советым и депутату хахауэ щытащ Владимир. КIуэкIуэ Валерэ ди республикэм и япэ Президент хъуа иужь, ар иригъэблэгъащ КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм и унафэщIу, апхуэдэуи Президентым и пресс-секретару. Абы Къудейр пэрытащ КIуэкIуэр Iэтащхьэу щытыху, зэман зэхуэмыдэхэм къулыкъум и цIэр щахъуэжа щыIами.*

*2005 гъэм Владимир ягъэуващ «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэу. Апхуэдэуи ар щытащ печатымрэ хъыбарегъащIэ IэмалхэмкIэ министрым и къуэдзэу, КъБР-м и етIуанэ Президентым и чэнджэщэгъуу, 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ республикэ полиграфкомбинатым и унафэщIу, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и дэIэпыкъуэгъуу.*

*Владимир и къалэмыпэм къыщIэкIащ тхылъ 13, КIуэкIуэ Валерэ теухуа «Человек долга и чести» тхылъым папщIэ 2022 гъэм КъБР-м и Къэрал саугъэтыр литературэмрэ гъуазджэмкIэ къыхуагъэфэщащ. ЦIыху зыбжанэм я лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъитIым и IэдакъэщIэкI ихуащ, очеркрэ тхыгъэ гъэщIэгъуэну пщIы бжыгъэхэр иIэщ.*

*1999 гъэм Къудейм и диссертацэр пхигъэкIри, тхыдэ щIэныгъэмкIэ кандидат хъуащ. Абы КъБР-м и Къэрал саугъэтыр щIэныгъэмрэ техникэмкIэ (2002) къыхуагъэфэщащ. Ар ди республикэм щIыхь зиIэ и журналистщ, УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым, КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, жылагъуэ IуэхущIапIэхэм я щIыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ. Ар хэтщ Урысейм и ТхакIуэхэми Журналистхэми я зэгухьэныгъэхэм.*

*И ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъур ди щхьэусыгъуэу, Къудей Владимир депсэлъащи, къыджиIахэм ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.*

**– «КБП»-м и редактор нэхъыщхьэу къэсцIыхуа Къудей Владимир къызэрыщIыкIа студент щIалэм и гугъу къысхуэщIыт. А зэманыр арауэ жаIэ цIыхум нэхъ и фIыгъуэ дыдэр, и гум къинэжыр.**

– Абы сынэсын ипэ си сабиигъуэм мащIэу сыкъытеувыIэнщ. Ар цIыху мин бжыгъэхэм ейм къыщхьэщыкIыртэкъым: дызыхуэныкъуэр Iэджэу, ауэ гъэщIэгъуэну щытащ. Дыбынунагъуэшхуэти, зыр зым дыдэIэпыкъужу, ди адэ-анэр гугъу зэрехьыр тлъагъуу, сэбэп дазэрыхуэхъуным дыхущIэкъуу дыкъэхъуащ. Сабиигъуэм нэхъыщхьэ дыдэу хэлъауэ сэ къэслъытэр дыщIихьэну, дыщыуэну Iэмал диIэу зэрыщымытарщ. МыхъумыщIэ гуэр тIэщIэкIамэ, япэ къэс балигъыр къыдэщхьэфэуэну хуитт. Абы зыуэ къаруушхуэ иIэти гъэсэныгъэм теухуауэ! ЕтIуанэрауэ, «цIыхум сыт жаIэн?» жыхуиIэм и мыхьэнэр къыпхуэмылъытэным хуэдизт.

Школ нэужьым сызыщIэтIысхьа КъБКъУ-м и адыгэбзэ къудамэм дыщызыпэщIэхуахэр нэгъэсауэ егъэджакIуэт. ЩIэныгъэ къыдбгъэдалъхьэну хуейуэ, къыдэущийуэ, цIыху къызэрытхащIыкIынум яужь иту къыдбгъэдэтащ Нало Ахьмэдхъан, Къардэн Бубэ, Урыс Хьэталий, ХьэкIуащэ Андрей, Иуаныкъуэ Нурбий, КIуэкIуэ Жэмалдин, Башиев Хъусейн сымэ, нэгъуэщIхэри. Нало Ахьмэдхъанрэ сэрэ адрейхэм къащхьэщыкI зэхущытыкIэ диIащ. Ери фIыри сэзыгъэщIар Ахьмэдхъанщ. Си адэ сыкъэзылъхуам къысхуищIакъым абы къызбгъэдилъхьам хуэдиз. Мылъкукъым жыхуэсIэр, псэ къулеигъэщ.

ЕгъэджакIуэхэм фIыуэ сыкъалъагъурт, зыщIезмыгъэхыу седжэрти. Япэ семестрым къыщыщIэдзауэ стипендие нэхъыбэ зратхэм ящыщу сыщытащ, уеблэмэ Лениным и цIэр зезыхьэ стипендиер ещанэ курсым къыщыщIэдзауэ къэсхьащ.

Ди курсым хуэдэ щыIауэ си фIэщ хъуркъым, зы анэм къилъхуам хуэдэу дызэрылъэгъуащ, гуфIэгъуи гузэвэгъуи къэдмыгъанэу нобэми дызэкIэлъокIуэ.

**- Лэжьыгъэ IэнатIэ куэд епхьэкIащ, Владимир. Абыхэм ящыщу дэтхэнэр е дэтхэнэхэр уигу нэхъ къинэжа?**

- Сыхэзагъэми, къулыкъущIэ лэжьыгъэхэр сфIэфIтэкъым. Хэт ищIэнт илъэс куэдкIэ апхуэдэхэм сыпэрытыну. Журналист Iуэхурат сыдэзыхьэхыр. «Адыгэ псалъэ» газетым илъэсихкIэ сыщылэжьащ. «Кабардино-Балкарская правда» газетым сезыгъэблэгъар редактор нэхъыщхьэу а зэманым щыта Зайцев Евгенийщ. Зи унафэщI сыхъуа политикэ къудамэр си хьэлми хуэкIуэрт икIи сызыхуей дыдэт. Зэманрати, газетымрэ телевиденэмрэ фIэкIа Iуэху ямыIэу цIыхухэр щыпсэу лъэхъэнэт. А илъэсищыр IэфIу сигу къызэринэжам хуэдэу зы IэнатIи гуимыхуж схуэхъуакъым. Зы псалъэпсалъитIкIэ пхужыIэнукъым а илъэсищыр щIысфIэфIар. Щхьэусыгъуэхэм ящыщ зыт цIыхухэм пщIэ къызэрысхуащIыр. Ар къомыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, «КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист» цIэращ къысхуагъэфэща гулъытэхэм яхэзгъэфIыкIри. Аращ си IэщIагъэм хуэфащэри нэхъ сызыщыгуфIыкIари.

ЩIышылэ мазэу Президенту хахат КIуэкIуэ Валери, занщIэу къызжиIащ и пресс-секретару сыкIуэну. АпхуэдизкIэ сыхуейтэкъым журналист лэжьыгъэр къэзгъэнэнуи, майращ сыщыхуэкIуар, щхьэусыгъуэ гуэрхэр сщIыурэ. Илъэс 14-кIэ сыдэлэжьат КIуэкIуэми, цIыхугъэшхуэ зыхэлъ къэрал лэжьакIуэ телъыджэу зэрыщытар си нэгу щIэкIащ. Дэри а Iуэху зехьэкIэм дыщIипIыкIащ абы.

Си гъащIэм къриубыдэу зэрэтIэурэ лэжьапIэншэ сыхъуат. Сэ сыкIуэу лэжьапIэ къызатыну сылъэIуэну къысхуемыгъэзэгъыу, апхуэдизу сымыхьэнэншэу, сэбэпынагъ симыIэу ара жысIэу си щхьэм мыгъуагъэ хуэсхьыжу. Си пенсэ кIуэгъуэр къэсынми куэд къэмынауэ, сымылажьэуи зыкъом щIауэ сыщысу, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIу Хьэсанэ Руслан ягъэуври, япэ махуэм къызэджащ и дэIэпыкъуэгъуу. Пенсэ тэмэм схуагъэувын папщIэ мыхьэнэшхуэ иIэт а лэжьыгъэм, ауэ аратэкъым нэхъыщхьэр, къысхуей хъуащ жысIэри дуней гуфIэгъуэр сиIэт. Сигури си псэри хыхьэу сылэжьащ, езыри къысхуэарэзыуэ.

**– Тхылъ куэд къыдэбгъэкIащ, уи закъуэуи тхакIуэ гупым ухэтуи. Лъэпкъ Iуэхухэм, цIыху цIэрыIуэхэм я деж щегъэжьауэ куэдым я гугъу пщIащ уи IэдакъэщIэкIхэмкIэ**...

– Дэрэжэгъуэ къызиту селэжьащ Мэлбахъуэ Тимборэ, Ахъуэхъу Аслъэнбий, КIуэкIуэ Валерэ сымэ ятеухуа тхылъхэм. Валерэ дунейм ехыжа иужь щIэздзэри, зы илъэсым къриубыдэу стхауэ щытащ ар. ИужькIэ Къэрал саугъэти къызатащ абы щхьэкIэ.

**– «Адыгские традиции и современность» тхылъым итщ адэ-анэм яхуэпщI пщIэр къызэрыбгъэлъэгъуэну Iэмал 43-рэ. Ахэр къебжэкIыным дауэ уи щхьэ хуэкIуа? Мыщэхумэ, къыджеIэт: иджыпсту сытым яужь уит, зэман гъунэгъум сыт дыпэплъэ хъуну?**

– Зыгуэр уигу къокIри, ущысурэ, къыхэптхыкIыурэ, бгъэтIылъурэ, къэпщтэжурэ нэтхыса хъууэ аращ. Апхуэдэу къезгъэжьауэ тхылъ зыщыплI сиIэщ. АдыгэлIыр цIыхубзым зэрыхущытын хуейм теухуауэ напэкIуэцI щэ ныкъуэ хуэдиз стхауэ щылъщ. Адыгэ хабзэр нобэрей махуэм къызребгъэзэгъынум теухуахэр, тхыгъэ мыхъуу къезбжэкI къудейудэрэ 100-м нэсащ. Апхуэдэу къезгъэжьауэ щытахэм ящыщщ адыгэ псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ. «Адыгские пословицы и поговорки» жиIэу нэхъыбэ дыдэ иту къыдэзыгъэкIар КъардэнгъущI Зырамыкурэ ГъукIэмыхъу Iэубэчыррэщи, зэхуахьэсар минитIрэ щитIым нэсу аращ. Сэ къэзугъуеяхэр мини 6 мэхъу. Зыми зэи имыщIауэ ахэр урысыбзэкIэ зэздзэкIащ. ИтIанэ, псалъэжьхэм хэткъэ зэмыщхьу тIууэ, щыуэ и мыхьэнэр къыбгурыIуэ хъуну. НтIэ мис апхуэдэ нэхъ гугъухэм я мыхьэнэр зэпкърысхащ. Ари зэи щымыIа Iуэхущ.

Ар щIыжысIэращи, утIысу зы махуэкIэ, зы илъэскIэ пхуэщIыну лэжьыгъэкъым ахэр, апхуэдэу Iуэхум убгъэдыхьэмэ ущыуэнущ, зыгуэр пIэщIэгъупщыкIынущ. Тхылъ стхыну си щхьэм щимылъ лъандэрэ къалэмымрэ блокнотымрэ сIэщIэлъащ сэ, гъэщIэгъуэну зэхэсхыр стхыуэ. Аращ тхылъхэм лъабжьэ яхуэхъуари. Абыхэм яхэтщ и кIэм нэмысыни тэмэм хъуни.

Иджыпсту си нэIэ нэхъ зытетыр иджырей хабзэращ. Псоми зи гугъу ящIыр япэм щыIауэ щытарщ. Ар хъарзынэщ, ауэ абыкIэ зэфIэкIыркъым. Хабзэр ди гъащIэм къызэребгъэзэгъынум дытепсэлъыхьын хуейщ. Псалъэм папщIэ, шурылъэс джэгуу, пшынауэр ящIыгъуу фызышэр пхуегъэкIуэкIыжынукъым, нысащIэр фитонми пхуигъэтIысхьэжынукъым. Япэм щыIа хабзэхэм къызэбгъэзэжыфыни зэманым къемызэгъыжу кIуэдыпаи хэтщ, мис ахэр зыгуэрым зэхигъэкIын хуейщ. Къапщтэмэ, куэдым яфIэгъэщIэгъунщ «Адыгские традиции и современность» тхылъыр. Апхуэдэ лэжьыгъэ къызэрыдэзгъэкIар ящIэри, куэд си деж къопсалъэ, мыпхуэдэ щытыкIэ дихуащи зэрызэхэдгъэкIынур тщIэркъым, жаIэу.

Тэрч щIыналъэм щыщ цIыхубз цIэрыIуэхэм ятеухуа лэжьыгъэр тхылъ тедзапIэм щIэлъщ, ауэ иджыри тIэкIу сотхъунщIауэ. Куэд мыщIэу дунейм къытехьэну сыщогугъ. Абы къыдэкIуэу къэрал IуэхущIапIэхэм щылажьэхэм я профсоюзым и рескомым теухуа тхылъ согъэхьэзыр. ЕджэгъуафIэ зэрысщIынум, цIыху нэхъыбэ къызэрыхэзгъэщынум яужь ситщ, хъыбар Iэджи хэзгъэхьащ.

Къапщтэмэ, си лэжьыгъэ псори публицистикэщ, апхуэдэущ ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм сыхыхьауэ зэрыщытари. КхъуэIуфэ Хьэчимт а жэрдэмыр зыщIар, публицист дызэримащIэр жиIэри.

**- Узэрыжурналист, публицист Iэзэр псоми ящIэ, Владимир. Художественнэ тхыгъэ птхыркъэ, усэ уиIэ?**

– СиIэщ рассказ зыбжанэ, ауэ дунейм къытехьэну къыщIэкIынкъым. ШырыкъущIэм шырыкъу ищIын, усакIуэм усэ итхын хуейуэ аращ, сэ сыпублицистщ. Узытетхыхь хъуну, зи гугъу пщIын хуейуэ щыIэм уафIэкIыу уи мыIэщIагъэ зыщIеппщытын щыIэкъым.

**- Узыгъэпlейтей Iуэхухэм хуиту ущытепсэлъыхь напэкIуэцI социсетхэм ущиIэщ, Владимир. Абы щыгъуазэ дызыхуищI псом и гугъу тщIыфынкъым, ауэ «лъэпкъ щэнхабзэмрэ ар зэрагъэкIуэд Iэмалхэмрэ» укъытезгъэувыIэнут. Сыт ар птхын хуей щIэхъуар, сытым укъигъэгубжьат?**

- Пэж дыдэу къыбгурыIуащ, Залинэ, зыгуэрым си пIэм сыкъызэрыришар. Хъыбарым и пэр умыщIэмэ и кIэр пщIэркъым. Урысей Правительствэм и администрацэм иригъэкIуэкIыу зы зэIущIэ гуэр сыхэтт. ЛъэпкъыбзэкIэ щыIэ хъыбарегъащIэхэр къэралым и мылъкум хьэлъэу телъщ, абы зыгуэр ещIэн хуейщ, жаIэу доклад нэхъыщхьэм къыхэщат, ар диIыгъат ЮФО-м и унафэщIу щыта Козак Дмитрий. Сэ сыкъэгубжьащи, си пIэм сихуэжыркъым. ПсынщIэ дыдэу къыхэзгъэщыну сызыхуейр сыуцIырхъащ. Президентым хуит укъимыщIауэ укъэпсалъэ зэрымыхъунур сщIэрэ пэт, схуэшэчакъым, зыгуэр жызагъэIэну сыщIэлъэIури, хэкъузауэ сыкъэпсэлъащ. КIуэкIуэм деж къэпсалъэу къэхъуар къызэрыжраIэжынуми си къулыкъум сыпыкIынкIэ зэрыхъунуми сыхуэхьэзырт. Налшык сыкъэсыжри, Iэтащхьэм и деж сыщIыхьащ: «Си щхьэфэм Iэ къызэрыдумылъэнури сощIэ, ауэ сыночэнджэщыну Iэмал сиIакъым», – жысIэри. ЗэрымыарэзыкIэ къызигъэщIащ, ипэкIэ апхуэдэ «щхьэзыфIэфIыгъэ» зэрысIэщIэкIари сигу къигъэкIыжащ, ауэ захуагъэу зэрысщIари ибзыщIакъым. «УIузгъэкIын дэнэ къэна, фIыщIэ пхуэсщIыну сыхьэзырщ. Ди Iуэху еплъыкIэр зэтохуэ», – къызжиIат абы щыгъуэ. Ар сымыщIэу сыпсэлъат сэ?! Абы сыкъыщIэкIыжри схтат а тхыгъэ зи гугъу пщIыр.

**- ЦIыхур зэплъэкIыу и гъащIэ гъуэгуанэр щIипщытыкIыж щыхъуну ныбжь гуэрым унэсащ, Владимир. Сыт хуэдэ а лъагъуэр? УзыщыгуфIыкIыу, узыхущIегъуэжу щыIэхэм я гугъу къысхуэпщIын?**

– Щхьэщытхъуу сакъыщыхъуну сыхуейкъым щIэджыкIакIуэхэм, ауэ цIыхугъэ, адыгагъэ зэрызетхьэнум яужь диту допсэу. Сыхьэлэмэту, сыфIу аракъым, апхуэдэущ дызэрагъэсар. Си гугъэмкIэ, «мыр бзаджэнаджэщ» къысхужиIэфыну зыри дунейм теткъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, сэ зэи цIыхум лей есхакъым. Абы къыхэкIыуи, сызыхущIегъуэж гуэр щыIэу сщIэркъым. Мылъку, къулыкъу, я цIэр тхыдэм къызэрыханэн гуэрхэм егупсыс цIыху щхьэзыфIэфIхэр щыIэщ. Абыхэм сэ зэи мыхьэнэ естакъым. Си дежкIэ нэхъыщхьэр цIыхугъэ яхэлъу къыбдалъхуахэр, уи бынхэр къэбгъэхъунрати, Тхьэм и фIыщIэкIэ зэзгъэхъулIэфащ. Зэрыбынибл дохъури, си анэмрэ си анэшхуэмрэ яхуэзэфIэкIащ фIыуэ дызэрылъагъуу, нэхъыжьым пщIэ хуэтщIу, нэмыс тхэлъу дагъэсэн. Алыхьми цIыхуми зэхихакъым дэ гупым зы псалъэ жагъуэ зэжетIауэ. Псори напэ къабзэ диIэу, дызыхэтым дахэгъуащэу, адыгэ хабзэм дытету апхуэдэщ. КлассиплI фIэкIа къэзымыуха бзылъхугъэм хузэфIэкIащ псоми щIэныгъэ нэхъыщхьэ дигъэгъуэтын, щIэныгъэхэмкIэ доктору зырэ кандидату зырэ къытхэтщ. Псоми я щхьэ япIыж, быныфI ягъэсащ. Губгъуэ лэжьыгъэ хьэлъэри унагъуэ къалэнри зэдэзыхьа ди анэмрэ нанэрэ гугъущэ зэрехьар къыщыхэдгъэщкIэ: «Абы пэкIуэу ди щхьэщыгу итым быныфI къыдитащ», – жиIэрт мамэ.

**– ГъащIэм и лъапIэныгъэ нэхъыщхьэр сыт уи дежкIэ? Уи къулеигъэми и гугъу уэзгъэщIынут.**

– Къызэрыщыхэзгъэщащи, нэхъыжьхэм сакIэлъыкIуэу, фIыуэ слъагъуу, езыхэри гуапэу къысхущыту, жылэр ефэ-ешхэ хэтмэ, сэ сыкIуэрэ КIэрэф Къамболэт, псалъэм папщIэ, сыбгъэдэсу щытащ. ЩIэныгъэшхуэ имыIами, къыдалъхуауэ, жиIэм хэбдзыну зы хэмылъу, лIы губзыгъэт Мамхэгъ Шу, Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщIу, партизан отряд зэгухьэныгъэм и камиссару щыта Къудей Чэрим, жэщ псом сепсэлъылIэу сызыбгъэдэсыфу щыта си къуэш нэхъыжь Ансыкъуэ Iэуес. Акъыл къызыпыпхын защIэт ахэр.

Шэч хэмылъу, ахэр гъащIэм къыхэсха къулеигъэ нэхъыщхьэщ. Абы пэслъытын сиIэкъым, куэдрэ сигу къэкIыжрэ нэхъ IэфIу си гум къридзэжыр мис абыхэм сазэрыхуэзэу щытаращ.

АдэкIэ къакIэлъокIуэ си унагъуэр. Си ныбжьым уи бын ущытхъуну къезэгъыркъым, ауэ тIури унагъуэщ, бын цIыкIухэр яIэщи сыщогуфIыкI. ЩIалэр си гъусэу мэпсэу, хъыджэбз цIыкIуитI зэтIолъхуэныкъуэу диIэщ. НысащIэмрэ абырэ уней тыкуэн ягъэлажьэ. Си хъыджэбзыр Самарэ щопсэу, колледжым щрегъаджэ. И щхьэгъусэр дагъыстэн щIалэ хъарзынэщ, щIалэ цIыкIуитIрэ зы хъыджэбзрэ яIэщ. Гурыхуэ цIыкIухэщ. НэхъыжьитIым адыгэбзэкIэ зыгуэрхэр язогъащIэри, щIалэхэм яжесIэр хъыджэбз цIыкIум нэхъ псынщIэу къиубыду пIэрэ жызоIэ.

СызыщыгуфIыкIыу, си гур къыдэзышейуэ щыIэхэм ящыщщ сыдэIэпыкъуами лэжьыгъэ IуэхукIэ зыщIэзгъэкъуами, зыщымыгъупщауэ къыскIэлъыкIуэрэ сыкъэзылъагъуу, пщIэ къысхуэзыщIу ныбжьэгъухэр сызэриIэр. Ауэ сэ сызэгупсысри. Мазэм зы тхьэмахуэ махуэ къыхэсхырт, машинэм ситIысхьэрти, Джылахъстэнейм сыкIуэжырт. Ди благъэхэр къызэхэскIухьырт, цIыху къэсыху яхуэфэщэн тIэкIу сIэщIэлъу, я сабийхэр зэрызгъэгушхуэн яужь ситу. АтIэ нэхъыжьхэр димыIэжми е жьы дыдэ хъуами, абыхэм я бынхэм ялъэгъуащ сэ пщIэ сщIар. Ярэби, мазэм зэ укъэмыкIуэфми, телефоныр къапщтэу «уи узыншагъэр дауэ щыт, ди къуэшыжь» жыпIэну хьэлъэ?! Ари дызыхуэсакъын хуейхэм ящыщ зыт жысIэу аращ.

ПщIэуэ уи щхьэм хуэпщIыжым хуэдиз дыдэ фIэкIа къызэрыплъымысыжынур хьэкъыу ппхыкIауэ дунейм утетмэ, уи къару зыхуилъу зыри къэбгъэнэнукъым. Ар ди щIэблэм яхэтлъхьэну, псэукIэ зэредгъэщIэнум яужь дитыну ди къалэнщи, дыпэлъэщмэ – лъэпкъым ди насыпщ.



Володя и унагъуэр и гъусэу.

*Епсэлъар* **ИСТЭПАН Залинэщ.**



Зэщхьэгъусэхэу Юрэрэ Сонярэ.



Я къуэ Азэмэтрэ абы и щхьэгъусэ Миланэрэ я сабий цIыкIухэу Алийрэ Амелиерэ я гъусэу.

ДЫЩЭКI Соня:

# «ФIыгъуэ куэдкIэ къысхуэупса Алыхьым сыхуэарэзыщ»

*Зи нэгур дапщэщи зэIуха бзылъхугъэ щыпкъэщ нобэрей ди тхыгъэр зытеухуар. Ар «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Сонящ. «Зи нэр къабзэм и гур нэхущ» лъэпкъ Iущыгъэр зи дуней тетыкIэ екIум хуэкIуэпс ди лэжьэгъум, ныбжьэгъуфIым ди гупым пщIэ лъагэ щиIэщ. Соня лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ зыхэлъ, адыгэ бзылъхугъэм хэлъыфыну хьэл-щэныфIхэмкIэ куэдым щапхъэ яхуэхъу цIыхущ, нэхъыщIэхэми я унэтIакIуэ IэкIуэлъакIуэщ.*

*ЩIыуэпсым и щIэрэщIэгъуэ накъыгъэ мазэм дунейм къытехьащ ДыщэкIыр. Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Куба къуажэм къыщалъхуа, абы дэт курыт школым фIы дыдэу щеджа хъыджэбз цIыкIум и щIэныгъэм щыпищащ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым урысыбзэмрэ литературэмкIэ, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм. Зэреджэм хуэдэурэ лэжьэн щыщIидзащ «Ленин гъуэгу» (иджы «Адыгэ псалъэ») газетым. Соня къалэн зэмылIэужьыгъуэхэр щрихьэкIащ редакцэм, и Iэзагъымрэ зэфIэкIымрэ хигъахъуэ зэпыту.*

*ДыщэкIым газет Iуэхум фIы дыдэу зэрыхищIыкIыр нэрылъагъу ещI махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу, и къалэнхэр гугъээагъэу, дэбгъуэн щымыIэу зэфIэгъэкIыным гурэ псэкIэ зэрелIалIэмкIэ. Жэуап зыхь секретарым и къуэдзэу илъэс куэд хъуауэ мэлажьэри, зи чэзу къыдэкIыгъуэм и теплъэр зыхуэдэнур щиубзыхукIэ, Соня куэдым гулъытэ хуещI, газетыр нэхъ еджэгъуафIэ, и теплъэкIэ нэхъ дахэ, удэзыхьэх зэрыхъуным яужь итщ.*

*IэнатIэм щехьэлIам деж лэжьакIуэфIыр, дауи, уасэншэщ, япэ ибгъэщри цIыхум и IэщIагъэм зэрыхищIыкIырщ. Ауэ ар икIи губзыгъэу, псэ къабзэу, хьэл-щэн дахэ хэлъу щытмэ, зэрыгупу ехъулIауэ аращ. Апхуэдэщ фIыуэ тлъагъу, пщIэ зыхуэтщI ди Соня. КъинэмыщIауэ, дахагъэ псоми зи гур хуэзэIуха бзылъхугъэм и гуапагъэм, цIыхугъэм, ныбжьэгъухэр зэригъэпэжым щыхьэт техъуэ щапхъэ куэди къытхуэхьынущ.*

***Мы махуэхэм Соня егъэлъапIэ илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъур. И махуэшхуэм ипэ къиихуэу абы упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ, ди ныбжьэгъуфIыр, гу къабзэрэ псэ зэIухарэ зиIэ адыгэ бзылъхугъэ зэтетыр ди газетеджэхэми нэхъ гъунэгъуу фэдгъэцIыхумэ, ди гуапэу.***

**- Соня, дэтхэнэ цIыхуми и къежьапIэр и унагъуэрщ. Уэ пхуэдэ цIыху щыпкъэ къызэрыхъукIа унагъуэм, уи сабиигъуэм я гугъу къытхуэщIыт**...

- Си адэ-анэ Хьэжмусэрэ Аслъижанрэ ди жылэм пщIэрэ щIыхьрэ зыхуащIу дэсахэм ящыщщ. Абыхэм къащIэхъуа бынхэм сраеплIанэт сэ. Си шыпхъу нэхъыжьхэу Мариерэ Маринэрэ, си дэлъху закъуэ Леонид сымэ, жыпIэнурамэ, я цIыкIугъуэр нэхъ зэман хьэлъэм хиубыдащ. Сыт хуэдэу щытми, езыхэр гугъу ехьми, ди адэ-анэм дапIащ къыттегужьеикIауэ, зыхуей дызэрыхуагъэззэным хущIэкъуу, колхоз лэжьыгъэри унагъуэ Iуэхухэри зэдахьу.

ЦIыху Iэдэбу къигъэщIат ди адэри анэри. Апхуэдэ дыдэт ахэр къыщыхъуа унагъуэшхуэхэри: зэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ зэрылът, адыгэ хабзэрэ нэмысрэ щызекIуэт. А лъэпкъ жыпхъэм диту дыкъагъэтэджащ зэрыбыниплIри. Ди адэ-анэрщ тхэлъ хьэлщэнхэм я нэхъыфIхэр къытхэзылъхьэфар, ахэращ ди насыпыр зэтеувэнымкIэ гугъу зыкъыддезыгъэхьар. Дэтхэнэри драгъэджащ, дызыщIэхъуэпс IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ дагъэгъуэтри, гъащIэм гъуэгу захуэ дыщытрагъэуващ, унагъуэ щхьэхуэхэуи дагъэтIысыжащ. Си шыпхъуитIыр медицинэм хуеджащ, си дэлъхум КъБКъУ-м и тхыдэ факультетым IэщIагъэ щызригъэгъуэтащ.

Курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къэзуха нэужь, адыгэбзэм нэхъ кууэ сыхуеджэну си мурадти, 1973 гъэм КъБКъУ-м сыщIэтIысхьащ. А илъэс дыдэм сыкъэкIуащ ди лъэпкъ газетым и редакцэм.

**- Апхуэдэ гурыщIэ къабзэ адыгэбзэм хуэпщIыныр сытым къыхэкIа, Соня?**

- Адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ сыдахьэхыу, лъэпкъ литературэмрэ тхыдэмрэ сфIэгъэщIэгъуэну сыщытащ дапщэщи. Апхуэдэ лъагъуныгъэ а лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэм хуозыгъэщIыфынур унагъуэм ис нэхъыжьхэрщ, апхуэдэуи школ егъэджакIуэхэрщ. Сэ щапхъэ схуэхъуауэ къэслъытэр адыгэбзэмкIэ сезыгъэджа Беслъэней Риммэрэ урысыбзэр дэзыгъэджа Уэщхъун Екатеринэрэщ. Зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI егъэджакIуэфIу зэрыщытым къыдэкIуэу, а бзылъхугъэхэр щапхъэ дахэ тхуэхъуурт сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи. Ди анэхэм хуэдэ дыдэу дагъасэрт, гъащIэм дыхуаущийрт. Абыхэм я фIыгъэщ, шэч хэмылъу, бзэхэр фIыуэ слъагъуу сыкъызэрытэджар, абыхэмкIэ збгъэдэлъ щIэныгъэм адэкIи хэзгъэхъуэн мурадми щIэдзапIэ хуэхъуар.

Псалъэм и къарур, и гъэщIэгъуэнагъыр здынэсыр къыдагъэщIэфащ абыхэм. Уи гупсысэр нэсу къызэрыпIуэтэфын, дахэу, екIуу уззрыпсэлъэфын, уззрыгушыIэн Iэмал гъуэзэджэу анэдэлъхубзэр зэрыщытри псэкIэ зыхыдагъэщIэфащ.

**- Курыт школыр къэзыухыу университетым и студенткэ хъуа хъыджэбзым уиIэ апхуэдэ гупсысэхэр нэхъри щыгъэбыда хъуащ, дауи, лэжьэн щыщIэбдза, илъэс 50-м щIигъуауэ уи гъащIэри уи гуащIэри зэпхауэ укъекIуэкI ди лъэпкъ газетым**.

- Ди анэдэлъхубзэмкIэ къыдэкI газет закъуэр, «Адыгэ псалъэр», си унагъуэ етIуанэу сопсэу. Абы сыкъэмыкIуэу, сыщымылажьэу си нэгу къысхущIэгъэхьэркъым, апхуэдизу ди Iуэхущ IапIэм, ди лэжьакIуэхэм гукIи псэкIи сепхащи. ЗэрыжыпIауэ, лIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъуауэ сыIутщ мы Iуэхущ IапIэми, зэи къэхъуакъым си лэжьыгъэм сыщытезэша е ар нэгъуэщI гуэркIэ схъуэжыну сигу къыщыкIа. Си лъэр щыувари, си хьэл-щэныр щызэтеувари мы газетырщ. Курьеру лэжьэн щыщIэздзэри, къыдэзыгъэкIыу, иужькIэ корректору сылэжьащ. Иджыпсту си пщэрылъ къалэнхэри тэмэму зэрызэфIэсхыным сыхущIэкъуу изохьэкI. СфIэхьэлэмэтщ сызыхэт гупри лэжьыгъэри икIи къысIэщIэужэгъуакъым.

Хабзэ хъуауэ, гуп зэрыIыгъыу, зы унагъуэшхуэм хуэдэу зэгурыIуэу зэдэлажьэу дапщэщи къокъуэкI адыгэ газетыр. Лэжьэн щыщIэздзагъащIэхэм щыгъуэ сызыхэхуауэ щыта гупыр къызэрысхущытар ноби IэфIу си гум илъщ. Хуабжьу цIыхуфIт икIи зэтетт гупым и нэхъыжьхэр. Апхуэдэхэт ди редакцэм и пашэу щытахэу ЛIыбекъуэ Хьэбас, ТIажь Пётр, Мэзыхьэ Борис, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд сымэ. Сэбаншы Мэстафэ, Теувэжыкъуэ Анатолэ, Апажэ Назир, Мырзэкъан Суфян, Сокъур Тамарэ, Къардэн Женя, ТIэш Аня, Iулыдж ТIатIэ сымэ хуэдэ нэхъыжьыфIхэм, нэгъуэщIхэми я щапхъэри, я псалъэ гуапэхэри сщыгъупщэркъым.

Абыхэм я лъэужьым ирокIуэ нобэ газетым и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэчи. ФIыщIэ лей хуэсщIыну сыхуейщ Заурбэч. Гупыр дызэгурыIуэрэ дызэдэIуэжу дызэдэлэжьэным и къарур псори хелъхьэ. ЗэрыхъунымкIэ щабэу, зыми я жагъуэ имыщIу я щыуагъэхэр къагурегъэIуэж. Абы хуэмыарэзы зыри къытхэткъым. Тхьэм иузэщI! Зи илъэси 100-р мы гъэм зыгъэлъапIэ «Адыгэ псалъэр» мы зэманым электроннэ жыпхъэми иту къыдыдогъэкI, техникэ лъэщхэмкIэ къащып икIи традзэ. Махуэ къэс зызыужь, зызыхъуэж зэманым добакъуэ ди газетыр, технологие пэрытхэр и Iэдэжу.

ЛъэпкъыМ и блэкIари, и нобэри къэзыгъэлъагъуэу, республикэм щекIуэкI гъащIэм и дэтхэнэ лъэныкъуэми цIыхухэр щыгъуазэ ищIу, ди тхыдэр, хабзэр, щэнхабзэр къэкIуэну щIэблэхэм яхуэзыхъумэ IэмэпсымэхэМ ящыщщ, дауи, газетыр. СогуфIэ зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъ щIэблэ редакцэм къызэрыщIэувэм. ЩIалэгъуалэ жыджэр ди куэдщ газетым, атIэми дыхуейщ газет лэжьыгъэм дихьэх, анэдэлъхубзэр фIыуэ зылъагъу ныбжьыщIэхэри къекIуэлIэну. Ди щIалэгъуалэм къагуроIуэ лъэпкъ тхыбзэм зегъэужьыным, бзэр хъумэным сыт щыгъуи гулъытэ хэха хуэщIын зэрыхуейр. Газетым зэрыщылажьэм къыдэкIуэу, ди журналист ныбжьыщIэхэм ящыщ куэд хэтщ лъэпкъ мыхьэнэ зиIэ проектхэм, абыхэм щытокIуэ, щытхъушхуэхэр къыхуэхьу.

**- Соня, цIыхум и насыпу къилъытэр гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым епхащ. Уэ насыпыр сыт хуэдэу къыпщыхъурэ?**

- Тхьэм и фIыщIэкIэ, сынасыпыфIэу схужыIэнущ. Дауи, фIыт, гуауэ лъэпкъ умылъагъуу, мураду пщIыр къохъулIэу, узэхъуапсэ псоми уи Iэр лъэIэсу упсэуну. АрщхьэкIэ итIанэ насып нэхъыщхьэ дыдэм и IэфIагъымрэ и лъапIагъымрэ зыхыумыщIэнкIэ хъунущ. КъохъулIэхэм лъэр дыщIэкIыу упсэун хуейщ. Алыхьыр къызэрысхуэупса фIыгъуэхэмкIи сыарэзыщ. Си унагъуэр, Тхьэм и шыкуркIэ, тэмэмщ. Фи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи, унагъуэм ди нэхъыжь ПхытIыкI Юрэ и IэщIагъэкIэ юристщ, ауэ адыгэбзэм, лъэпкъ литературэм фIыуэ хэзыщIыкI хэкупсэщ, усакIуэщ. Ди щIалэ Азэмэт КъБКъУ-м и экономикэ факультетыр ехъулIэныгъэкIэ къиухауэ мэлажьэ. Ар унагъуэщ: пщащэу щыIэм я нэхъыфIыр, нэхъ дахэр нысэ цIыкIуу къытхуишауэ, мурадыфIхэмрэ хъуэпсапIэ нэхухэмрэ я гъуэгугъэлъагъуэу гъащIэм хэтщ. Азэмэтрэ Миланэрэ дагъэгуфIащ къуэрылъху цIыкIухэу Алийрэ Амелиерэ кIэ. Уи бын и бынъж плъагъунри насыпышхуэщ. Абыхэм ди гъащIэм къыпащэ, абы и IэфIыр нэгъуэщI лъэныкъуэкIи зыхыдагъащIэ.

Си насып Iыхьэм щыщщ ныбжьэгъу пэжхэмкIэ сызэрыкъулейри. А фIыгъуэри мылъку куэдым йобэкI и лъапIагъымкIэ.

**- Уи гур хэзыгъахъуэ, уи псэр зыузэщI апхуэдэ хъугъуэфIыгъуэ куэд иджыри Тхьэм къыббгъэдилъхьэ, Соня. Укъыщалъхуа ма-хуэмкIэ дынохъуэхъури, бзылъхугъэм фIыгъуэу къилъытэ псомкIи Тхьэшхуэр къыпхуэупсэну долъаIуэ.**

*Епсэлъар* **КЪАРДЭН Маритэщ**.

# Хэку зауэшхуэр къыхэщу

**«Летопись сердец» урысейпсо псэкупсэ Iуэхур йокIуэкI накъыгъэм и 1-м щегъэжьауэ и 15-м пщIондэ. Ар Урысейм Щэнхабзэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэхэм илъэс къэс къызэрагъэпэщ «Культура для школьников» щэнхабзэ-егъэджэныгъэ Iуэхум и Iыхьэу. Абы холэжьыхь Роскультпроектымрэ Щэнхабзэмкlэ урысей фондымрэ.**

МЫ гъэм ар траухуащ Хэку зауэшхуэр къыхэщу сабийхэм папщIэ траха фильмхэмрэ литературэ тхыгъэхэмрэ. Iуэхум хэтыну ирагъэблагъэ дэтхэнэ школакIуэри. Абы папщIэ зауэм теухуа зы тхыгъэр (прозэми усыгъэми хъунущ) е зэплъа фильмыр къызэрыщыхъуар итхын хуейщ. «Культура для школьников РФ» порталым, «ВКонтакте»-м проектым щиIэ напэкIуэцIым школакIуэхэм папщIэ илъынущ Хэку зауэшхуэм теухуа кинофильмхэр, рассказхэр, усэхэр.

КъэпщытакIуэ гупым хэтхэм абыхэм къыхахынущ нэхъ щIэщыгъуэу къалъытэу лэжьыгъэ 50. Ахэр «Культура для школьников РФ» порталым къралъхьэнущ.

Iуэхур теухуащ щIэблэр псэкупсэу къэгъэхъуным. АбыкIэ щапхъэ яхуэхъунущ фIыуэ ялъагъу тхыгъэхэм е кинофильмхэм къахэщыж лIыхъужьхэр.

**ГЪУЭТ Синэ.**

# Бжыгъэхэр къыпхуэгъэпщIэнукъым




**«Спартак-Налшык» - «Легион» - 1:2 (0:0). Налшык, «Спартак» стадион. Накъыгъэм и 4-м. ЦIыху 200 еплъащ.**

**Судьяхэр**: Дорошенкэ, Бибиковэ (тIури Краснодар щыщщ), Харченкэ (Дон Iус Ростов).

«**Спартак-Налшык**»: Къумыкъу, Лелюкаев, Молэмусэ (Къардэн, 84), Далиев, КIэдыкIуей, Масленников, Селяев (Топурие, 61), Торосян (Жангуразов, 71), ХьэцIыкIу, Хьэшыр, ЛIуп (Мызэущ, 84).

«**Легион**»: Магомедов, Гасанов, Исаев М., Исаев Р., Исмаилов, Гамзатов (Мохбалиев, 87), Курбанов, Масcуренкэ, Панаев, Полоковников (Токаев, 67), Абдуллаев (Оленев, 87).

**Топхэр дагъэкIащ**: Абдуллаевым, 49 (0:1), Р. Исаевым, 75 (0:2), Хьэшырым, 84 (1:2)

**Дагъуэ къыхуащIащ**: Исмаиловым, Магомедовым, Топурие,

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым хэт командэхэм ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэм хыхьэ еблэнэ джэгугъуэм ипкъ иткIэ «Спартак-Налшыкым» и деж къыщригъэблэгъащ Мэхъэчкъалэм и «Легион»-р.

КомандитIыр нобэ зэрызэдэджэгуам дытепсэлъыхьын ипэ къихуэу футбол тхыдэм дриплъэжынщи, абы къызэрыщыхэщымкIэ, иджырей зэIущIэр хэмыту, ахэр 15-рэ зэхуэзащ икIи абыхэм ящыщу 5-м хьэщIэхэр къыдэфIэкIащ. Ди «Спартакыр» «Легион»-м тIэу къудей текIуэфауэ аращ, 8-м зэрытемыгъэкIуахэу зэбгрыкIыжащ.

Иужьрей дыдэу, нэгъабэ фокIадэм и 3-м, ди деж щыIэу «Легион»-м бжыгъэшхуэкIэ - 0:3-уэ, дыкъыхигъэщIащ. Къэдгъэлъагъуэмэ, 2023 гъэм командитIыр плIэ зэхуэзати, Мэхъэчкъалэ къикIахэм тIэум дыкъыхагъэщIащ, тIэум - зэрытегъэкIуахэкъым.

Иджыпсту фигу къэдгъэкIыжа мы бжыгъэхэмрэ турнир таблицэм командэхэм нобэ щаIыгъ увыпIэмрэ къэплъытэмэ, текIуэныгъэр мы джэгугъуэм хэт нэхъ къыхуэхьынуми нэрылъагъуу щыта пэтми, гугъэ щыIащ налшыкдэсхэм Iуэхур ягъэзэкIуэжыну, статистикэри «IумпIафIэ» къащIыну, арщхьэкIэ яхузэфIэкIакъым.

Мы джэгугъуэм ипэ къихуэу «Спартак-Налшыкыр» зыхэт гупым щрагъэкIуэкIа зэIущIэхэм хэтатэкъым - джэгум зыхуагъэхьэзырыну зэман хъушэ яIащ щIалэхэм. Абы ипэжкIэ «Кубань-Холдинг»-м и деж дыщыIэу дызэрытекIуари хэбгъэхьэжмэ, я лъэр нэхъ жан, нэхъ псынщIэ ищIын хуеяуэ щытащ а псоми. АрщхьэкIэ, хъуакъым: я къарукIи, я зэфIэкIкIи къапэщылъа къалэным пэлъэщакъым. ЗэрыжаIэу, статистикэр къыпхуэгъэпщIэнукъым.

ЗэIущIэр командитIми жыджэру щIадзащ икIи абы и етIуанэ дыкъикъэр иджыри имыкIауэ, налшыкдэсхэр хьэщIэхэм я гъуащхьэм телъадэри, «угловойр» къалэжьащ. Ар дахэу къыхатащ, ауэ хэгъэрейхэм я щIалэм топыр губгъуэм щхьэкIэ ирихури, шынагъуэр я гъуащхьэм щхьэщихащ. Абы иужькIэ хьэщIэхэм куэдрэ замыIэжьэу, еханэ дакъикъэр екIуэкIыу арат, ди гъуэм къебгъэрыкIуэри, Iэмал хъарзынэ къызэрагъэпэщат, ауэ, ди гуапэ зэрыхъунти, Iуэхур и кIэм яхунэгъэсакъым.

АдэкIэ, зэIущIэм и япэ Iыхьэм уигу къэбгъэкIыжын, узытепсэлъыхьын гуэр командитIми къагъэлъэгъуакъым. Пэжщ, къажыхьащ, зэпэщIэт хуэдэури ящIащ, ауэ мыхьэнэ зиIэ джэгукIэ хэтлъэгъуакъым. Ди щIалэхэр нэхъ щтэIэщтаблэу щытащ. ТIэкIуи зэрепIэщIэкIри зэран къахуэхъуауэ къыщIэкIынщ.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэр нэхъ гъэщIэгъуэну екIуэкIащ икIи аращ псори щызэхэкIар. Налшыкдэсхэр топджэгу губгъуэм къызэрихьэжу хьэщIэхэм ебгъэрыкIуэн щIадзащ икIи штрафной хъарзыни къалэжьащ, арщхьэкIэ къахуэгъэсэбэпакъым. Абы къыкIэлъыкIуэу, «Легион»-м и гъуащхьэтет Магомедовым топыр IэкIэ къыхидзэри, я щIалэм иритащ, адрейми ар IэкIуэлъакIуэу хуигъэжащ я гъуащхьауэ Абдуллаев Гаджимурад. ПсынщIэу щIэпхъуауэ здэжэм, абы тэмэму кърата топыр куэдрэ имыIыгъыу ди гъуэм лъэщу къеуэри, зэIущIэм и бжыгъэр къызэIуихащ. Абы бгъурыту къэжа Молэмусэ Ренат хьэрхуэрэгъум зыри хуещIакъым. Тхьэм ещIэ, штрафноймдеж щриудынкIэ гузэва, сытми, тыншу зыIэщIигъэкIащ - Къумыкъум дыкъригъэлакъым. Мыбдежым, топым щэ лъэIэсыгъуэкIэ Iуэхур зэфIэкIащ. Абы щыгъуэ екIуэкIыр 49-нэ дакъикъэрат.

ЕтIуанэ топри хьэщIэхэм апхуэдэ дыдэу, япэрейм къызэрыкIэрыху щымыIэ жыхуаIэу, къытхудагъэкIащ. Топыр IэкIуэлъакIуэу къигъэсэбэпащ командэм и гъуащхьэхъумэныкъуэ Исаев Рустам. Ар къыщыхъуар 75-нэ дакъикъэрщ.

Абы иужькIэ, ди щIалэхэр хьэжэпхъажэ хъуащ икIи ар зэран къахуэхъурт. ХьэщIэхэм я гъуэр къызэращтэн Iэмал гуэрхэри къызэрагъэпэщыфыну Iуэхум хэтлъагъуэртэкъым икIи «Легион»-м я гъуащхьэтетыр сэбэп къытхуэмыхъуатэмэ, а зы топ закъуэри тхудэгъэкIыну къыщIэкIынтэкъым.

Магомедовым и зэранкIэ абыхэм я гъуащхьэм зэныкъуэкъу къыщикIащ, топыр зыIэщIиубыдауэ ар топджэгу губгъуэм къыхитэн мурад имыIэу, зэманыр зэригъакIуэм къыхэкIыу. Судьям абы щхьэкIэ гъуащхьэтетым дагъуэ хуищIащ икIи, иужькIэ, «штрафнойм» и кум деж топыр тригъэуващ. «Легион»-м и щIалэхэр абы «блынджабэу» пэщIэуващ. АрщхьэкIэ, а махуэм куэд дыдэ зыхузэфIэмыкIа Хьэшыр Алан ахэр бзаджагъэкIэ къиубыдащ: топым лъагэу зригъэIэтын я гугъэу дэпкIея топджэгухэм я лъакъуэм кIэщIигъэжу еуэри, бжыгъэр 1:2 ищIащ. Абы щыгъуэ 84-нэ дакъикъэр екIуэкIырт.

Къэнэжа зэман мащIэр, судьям къыдыщIигъужа дакъикъитхур хэтыжу, ди щIалэхэм яхурикъуакъым бжыгъэр зэхуэдэ ирагъэкъужыну икIи, нэгъуэщI мыхъуми, зэрытемыгъэкIуауэ зэбгрыкIыжыну. КъайхъулIакъым...

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым хэт командэхэм накъыгъэм и 3 - 4-хэм ирагъэкIуэкIа адрей зэIущIэхэр мыпхуэдэ бжыгъэхэмкIэ иухащ: «**Биолог-Новокубанск**» - «**Нарт**» - **1:2**, «**Динамо-Ставрополь**» - «**Алания-2**» - **0:1**, «**Победа**» - «**Ангушт**» - **0:0**, «**Астрахань**» - «**Строитель**» - **1:1** , «**Кубань Холдинг**» - «**Рубин**» - **0:2** , «**Ростов-2**» - «**Форте**» - **1:3**, «**Севастополь**» - «**Дружба**» - **0:0**. Мэхъэчкъалэ и «Динамо-2»-м иджырей джэгугъуэр блигъэкIащ.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэр «Спартак-Налшыкым» щригъэкIуэкIынур накъыгъэм и 11-рщ. А махуэм ар Черкесск къалэм щыIэу абы и «Нарт» командэм дэджэгунущ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**
*Сурэтыр* **Уэлджыр Артур** *трихащ.*

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм «Б» дивизионым и япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр.***

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Рубин»** | **6** | **5** | **0** | **1** | **10-3** | **15** |
| 2. «Астрахань» | 6 | 4 | 2 | 0 | 9-2 | 14 |
| 3. «Легион» | 6 | 4 | 1 | 1 | 8-4 | 13 |
| 4. «Форте» | 5 | 3 | 0 | 2 | 12-6 | 9 |
| 5. «Ростов-2» | 6 | 3 | 0 | 3 | 14-9 | 9 |
| 6. «Севастополь» | 6 | 2 | 3 | 1 | 4-3 | 9 |
| 7. «Биолог-Новокубанск» | 5 | 2 | 2 | 1 | 7-6 | 8 |
| 8. «Победа» | 7 | 1 | 5 | 1 | 7-7 | 8 |
| 9. «Кубань Холдинг» | 7 | 2 | 2 | 3 | 8-10 | 8 |
| 10. «Строитель» | 5 | 2 | 1 | 2 | 6-7 | 7 |
| 11. «Ангушт» | 5 | 1 | 3 | 1 | 3-3 | 6 |
| **12. «Спартак-Налшык»** | **6** | **1** | **3** | **2** | **9-10** | **6** |
| 13. «Нарт» | 6 | 1 | 3 | 2 | 6-9 | 6 |
| 14. «Динамо-Ставрополь» | 6 | 1 | 2 | 3 | 4-8 | 5 |
| 15. «Дружба» | 6 | 1 | 1 | 4 | 4-7 | 4 |
| 16. «Алания-2» | 6 | 1 | 1 | 4 | 7-16 | 4 |
| **17. «Динамо-2»** | **4** | **0** | **1** | **3** | **1-9** | **1** |

# ЩIыналъэм и цIыхубзхэм я зэфIэкIыр ягъэлъапIэ

**Налшык къалэм и «Искож» хьэблэм щыIэ Щэнхабзэ зыужьыныгъэмкIэ центрым щекIуэкIащ «Традиции и современность» фотопроектым траухуа пшыхь. Выставкэр щагъэлъагъуэ Къэбэрдей уэрамым и лъэс зекIуапIэм и «Экспромт галереи» стендым деж.**

АР зи жэрдэмыр Къалмыкъ Республикэм и жылагъуэ лэжьакIуэ, «Сильные деятели нового времени» зэхуэсышхуэм 2022 гъэм Путин Владимир къыщыхилъхьа «500 лучших идей страны» зэпеуэм нэхъыфIу къыщалъыта «Зурачи» проект иныр къызэзыгъэпэща икIи абы и унафэщI Инджиковэ Викториещ. Ар ди щIыналъэм щегъэзащIэ Налшык къалэм зегъэужьынымкIэ «Платформа» институтыр, «Опора России» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэр, КъБР-м и ЦIыхубзхэм я зэгухьэныгъэр, Щэнхабзэ зыужьыныгъэмкIэ центрыр, Сэралъп Мадинэ и арт-центрыр и дэIэпыкъуэгъуу. Къалмыкъ Республикэм и Парламентым и депутату щыта, Лэжьыгъэм и ветеран хъуа и анэм и щIыхькIэ къызэригъэпэща Iуэху дахэр Инджиковэ Викторие тыгъэ яхуещI унагъуэ жьэгум, лъэпкъ хабзэм, анэдэлъхубзэм я хъумакIуэ, пщIэ зиIэ, дахагъэрэ Iущыгъэрэ зыбгъэдэлъ, лъагъуныгъэ къызыпкърыкI цIыхубзхэм.

- Налшык къалэм Iуэхур щIыщедгъэжьам и щхьэусыгъуэр абы зэгуэр сыкъыщыкIуам щIыналъэм и дахагъэмрэ щIыуэпс къулеймрэ сызэратхьэкъуарщ! Щэнхабзэ, хабзэ дахэ, хьэщIагъэ щызекIуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым «Зурачи» Iуэхур зэрыщытщIэр гуапэщ. Ар теухуащ республикэм и экономикэ, егъэджэныгъэ, гъуазджэ, щэнхабзэ, спорт, мэкъумэш, социальнэ зыужьыныгъэм, узыншагъэр хъумэным, хабзэхъумэ IэнатIэм, нэгъуэщIхэми хэлъхьэныгъэфIхэр хуэзыщIа цIыхубзхэм, - жеIэ Викторие. - Iуэхум хэта дэтхэнэри (бзылъхугъэ 24-рэ) зэзгъэцIыхуну Iэмал сызэриIар уасэ зимыIэщ. Дэнэ щIыпIи зыми емыщхь цIыхубзхэм ущрохьэлIэ. ЩIыналъэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ иджы еплъыну Iэмал яIэщ а цIыхубзхэм я сурэтхэм! Iуэхум жэуаплыныгъэ пылъу дыбгъэдыхьащ. Лэжьыгъэхэр фигу ирихьмэ, ди гуапэщ!

Гъуазджэм и унэтIыныгъэ 11 къызэщIеубыдэ Инджиковэ Викторие 2021 гъэм щIышылэм къыхилъхьа «Зурачи» Iуэхум. Абы хэтщ кинорежиссёрхэр, художникхэр, актёрхэр, композиторхэр, сурэттеххэр, къафэ лIэужьыгъуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Зэхыхьэм зыкърезыгъэхьэлIахэм IэгуауэкIэ ирагъэблэгъащ Iуэхум хэт бзылъхугъэхэр. Ахэр проектыр къыхэзылъхьа Инджиковэ Викторие, модельер-дэрбзэр Сэралъп Мадинэ, Налшык къалэм зегъэужьынымкIэ «Платформа» институтым и унафэщI Шыхъуэстэн Оксанэ, «Опора России» жылагъуэ зэгухьэныгъэм цIыхубз хьэрычэтыщIэм зегъэужьынымкIэ и комитетым и унафэщI Давыдовэ Еленэ сымэ, нэгъуэщIхэри. ЦIыхубзхэм ятеухуауэ къызэрагъэпэща мы Iуэхум мыхьэнэшхуэ иIэщ щIыналъэм, къэралым зегъэужьынымкIэ, щIэблэр Хэку лъагъуныгъэм щIэпIыкIынымкIэ, лъэпкъхэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэр, зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэнымкIэ.

«Опора России» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Логовэ Зухра зэхыхьэм зыкърезыгъэхьэлIахэм Гъатхэмрэ Лэжьыгъэрэ я махуэмкIэ ехъуэхъуа нэужь, къыхигъэщащ цIыхубзхэм унагъуэ, лэжьыгъэ къалэнхэри зэрызэдахьыфыр, хьэрычэт Iуэхум зегъэужьынми хэлъхьэныгъэфIхэр зэрыхуащIыр.

Логовэ Зухрарэ Давыдовэ Еленэрэ я IуэхущIапIэм къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэр зыхуагъэфэщахэм иратыжащ. Ахэр - радиожурналист, тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ Мэремкъул Ларисэ, мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ кандидат Батыр Ольгэ, журналист, усакIуэ, зэдзэкIакIуэ Мусукаевэ Сэкинат, Гъуазджэхэмкlэ сабий школым и унафэщI, Налшык къалэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым и депутат Перегудэ Наталье сымэщ.

Инджиковэ Викторие фIыщIэ яхуищIащ Iуэхур Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэригъэпэщынымкIэ къыдэIэпыкъуа псоми. Гъэлъэгъуэныгъэр накъыгъэм и кIэ пщIондэ екIуэкIынущ.





**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

**Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр пщэдей къыдэкIынущ.**


**Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

**РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:**

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, Щхьэщэмыщl Изэ.**

**ТЕЛЕФОНХЭР:**
**редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.**
**КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.**

**Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.**

**КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5**

**Индексыр П 5894**
**Тиражыр 1.556**
**Заказыр №931**
12+

**Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.**

**Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.**
**Тел.: 76-01-28, 76-01-10**

**МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:**

*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*.
*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

*Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

**«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.**

**357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А**

**Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.**